Komite Konsiltatif pou Reyaparisyon Pandemi an

Rekòmandasyon Detaye Sou-komite a

31 JIYÈ 2020





Tabdèmatyè

1 Rekòmandasyon Sou-komite Sante PRAC la

2 Rekòmandasyon Sou-komite Ekite PRAC la

3 Rekòmandasyon Sou-komite Biznis PRAC la

1 Etabli yon mekanis pou pi byen entegre ekspètiz ak eksperyans sou-sektè swen sante ki konsène yo nan priz desizyon Divizyon Sante Piblik la ak pou amelyore kowòdinasyon ak kominikasyon ant Divizyon Sante Piblik la ak sou-sektè sa yo

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
1.1 Konvoke yon ti gwoup travay operatè swen sante nan sou-sektè ki konsène yo (pa egzanp, founisè kominotè yo, sistèm sante yo ak swen lontèm) epi bay mwayen pou yon kominikasyon resipwòk nan Divizyon Sante Piblik Delaware a pou gide priz desizyon ki anrapò ak sante	Komite Konsiltatif pou Reyaparisyon Pandemi an (Pandemic Resurgence Advisory Committee, PRAC) gen ladan twa sou-komite sante, biznis, ak ekite, avèk gwo reprezantasyon pati konsène kle yo ki reprezante moun Delaware COVID te afekte yo	• Gen ladan reprezantasyon nan gwoup annapre la yo: - Eta (Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal, regilatè yo) - Operatè swen sante yo, sa gen ladan founisè swen nan kominote a, sistèm sante yo, ak swen lontèm - Klinisyen yo (lidè doktè ak swen enfimye yo) • Konsève gwosè ki piti sifizaman pou yon kolaborasyon pwodiktif, rapid • Etabli pwosesis pou yon bouk fidbak nan tan reyèl avèk DPH pou fasilite kreyasyon konsèy rapid, ki kapab eksplwate • Gwoup travay ki pou fè rekòmandasyon konkrè pou soumèt bay Depatman Sante Piblik la (Department of Public Health, DPH) konsènan metòd Eta a pou: - Plan tès ak rechèch kontak - Egzijans wo nivo pou preparasyon etablisman swen sante yo - Direktiv sante pou piblik la ak pou biznis yo - Kowòdinasyon repons nan nivo Eta ak lokal
1.2 Mete an plas yon kò konsiltatif ki pi laj ki gen manm ki sanble ak sou-komite ekite ak sante PRAC la pou reprezante sou-sektè ak kominote ki konsène yo nan tout Delaware	PRAC la te konsantre sou preparasyon pou yon reyaparisyon, sa ki pèmèt diskisyon ak planifikasyon an byen presi epi reyalizab	• Etabli wòl, responsablite, ak domèn entèvansyon pou chak manm kò konsiltatif la pou fasilite konsèy rapid si ta gen yon reyaparisyon • Mete lidè ekite nan pami manm nan kò konsiltatif la • Kreye kanal pou reprezantan yo rasanble opinyon ki soti nan sektè yo reprezante a (pa egzanp, yon liy asistans), espesyalman pou ti antite ak antite riral yo • Ankouraje responsablite pataje pou pran kòmantè nan sektè ak kominote respektif yo epi distribye enfòmasyon pou yo

2 Plis devlope metòd Delaware a pou siveye maladi a, pou kominike sitiyasyon l, epi gide repons Eta a

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
2.1 Klarifye ti lis mezi yo, epi panse pou itilize objektif oswa limit pou siveye epi deklare sitiyasyon COVID-19 la nan Delaware	Sit My Healthy Community an swiv gwo kantite mezi yo toujou mete ajou ki anrapò ak COVID la, ki gen ladan to tès, ka yo, ak lanmò yo avèk letan	• Dakò sou mezi kle yo pou mezire ak gide repons nan tout zòn jewografik, gwoup etnik, gwoup laj, endistri, ak anviwònman kongregasyon yo, ki ka gen ladan: - Nouvo ka - Nouvo ospitalizasyon - Kantite tès ki fèt - % tès pozitif - % okipasyon kabann ICU - Jou estòk Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, “PPE”) - % Kontak yo reyisi retrase
2.2 Apiye sou tablodbò aktyèl la pou kominike aklè sitiyasyon COVID-19 la bay aktè sante, aktè biznis, ak pati konsène nan kominote yo, ak abitan Delaware yo an jeneral	My Health Community bay yon pwendvi piblik sou estati COVID-19 nan Delaware, epi Eta a te òganize sesyon enfòmasyon detanzantan pou piblik la, ansanm ak efò kominikasyon kontini nan tout depatman yo	• Antann sou fason pou defini ak kominike eta maladi a pou ede planifye repons ki baze sou eta maladi a, pandan y ap favorize koyerans avèk CDC ak lòt zouti kominikasyon federal yo, lè sa posib. Egzanp yo gen ladan: - Definisyon tip “reyaparisyon”: eksplozyon ki lokalize, ogmantasyon ralanti nan tout Eta a, ogmantasyon rapid nan konte/Eta, ak eksplozyon vwazen - Fason pou kominike eta maladi a: Sistèm koulè wouj-jòn-vèt, echèl nimerik, tablodbò regwoupe
2.3 Lye mezi yo ak tablodbò a avèk mezi Eta a, pral pran ofiramezi sitiyasyon COVID-19 la ap chanje	Aksyon Eta a jiskaprezan te baze sou done epi yo te konsantre sou diminisyon transmisyon ak fado maladi nan Delaware	• Dekri kijan chanjman eta yo (ki baze sou mezi yo gide repons Eta a, pa egzanp: - Eksplozyon ki lokalize → deklanche ankèt DPH pou idantifye pwoblèm kle - Eksplozyon vwazen → pwan desizyon restriksyon oswa fèmti vwayaj sible - Estati wouj pou % pozitif → ogmante sit tès yo nan zòn yo idantifye avèk pousantaj elve

3 Apiye sou plan kominikasyon aktyèl Delaware a epi adapte mwayen kominikasyon/mesajri yo ak bezwen ak atant popilasyon Delaware a ki gen divès kalite moun

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
3.1 Bay edikasyon kontini sou risk transmisyon COVID-19, sa gen ladan enpak sou sante koutèm ak lontèm	Healthy Communities Delaware (Kominote ansante Delaware) te kontinye travay yo pou devlope edikasyon lasante nan nivo kominote a, an patenarya ak òganizasyon debaz ak founisè yo, tankou FQHC yo	• Rezime resous ki egziste deja (pandan y ap repoze sou konsèy CDC ki deja egziste, kote sa apwopriye) nan yon referans pou risk relatif pou transmisyon maladi pou divès kalite aktivite (pa egzanp, ale nan yon dine, manje nan yon restoran) • Ogmante direktiv DPH ki egziste deja yo pou kreye kanpay edikatif pou piblik la sou gravite ak konplikasyon maladi COVID-19, ki gen ladan enpak sou pwoblèm sante an menm tan ki la deja
3.2 Apiye sou efò aktyèl yo pou rafine mesaj, kontni, kanal kominikasyon, ak mesaj sante piblik (yo) pou reponn ak bezwen byen presi chak popilasyon	Eta a te difize enfòmasyon an Espanyòl ak Kreyòl, li te adapte mesaj yo pou amelyore to patisipasyon nan tès yo, epi li te lanse prezans ki sible sou medya sosyal yo, pa egzanp, kanpay "mwen mete mask mwen paske" a	• Kreye yon plan mesaj divèsifye (pa egzanp, televizyon/radyo parapò ak dokiman enprime pou nivo alfabetizasyon pi fèb, medya sosyal pou gwoup laj ki pi jèn yo) • Kontinye amelyore mesaj yo nan lang yo pou desèvi tout moun Delaware yo (pa egzanp, mete ladan materyèl ki pa an Anglè tankou Espanyòl ak Kreyòl) • Etabli koneksyon avèk yo epi defini wòl gwoup defans ak lidè kominote yo pou ogmante efikasite efò kominikasyon ak sansibilizasyon ki sible yo • Amelyore epi elaji mesaj yo pou montre valè popilasyon sib yo (pa egzanp, ensiste sou risk pou transmisyon bay manm fanmi an) ak konsekans si ou respekte machaswiv sou sante yo
3.3 Kowòdone gid sou fèmti ki sible yo ak relouvèti zòn oswa enstitisyon ki gen gwo risk yo an tout sekirite	DOH, DPH (an pati pa mwayen Sant Operasyon Sante Eta a), epi DHCQ te pibliye epi adopte direktiv pou tès ak kontwòl enfeksyon nan etablisman swen alontèm yo	• Travay avèk asosiyasyon pwofesyonèl yo pou rasanble yon sèl sous pou machaswiv sou sekirite debaz yo pou etablisman swen lontèm yo, izin kondisyònman vyann yo, lekòl, ak anviwònman rasanbleman menm jan baze sou direktiv federal ak prive yo • Bay yon ansanm machaswiv pou relouvèti anviwònman ki te fèmen yo san danje pou minimize risk tandans ogmantasyon akòz ouvèti yo • Pataje kijan Eta a pral sible fèmti yo baze sou mezi ak limit byen presi pou

3 Apiye sou plan kominikasyon aktyèl Delaware a epi adapte mwayen kominikasyon/mesajri yo ak bezwen ak atant popilasyon Delaware a ki gen divès kalite moun

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
		anviwònman an, kote sa posib, pou ede biznis yo prepare pou reyaparisyon
3.4 Kominike klèman bezwen pou kontinye chèche swen prevantif, ak yon aksan patikilye pou ankouraje enpòtans vaksen, ak swen pou maladi kwonik	Founisè swen sante atravè Delaware yo ap fè vizit telesante, bò twotwa, ak vizit an pèsòn avèk pèsonèl redwi pou kontinye bay swen pandan y ap minimize risk pou enfeksyon	• Kowòdone avèk sistèm swen sante ak founisè swen jeneral yo pou kominike risk ki gen nan retade swen parapò ak risk yo apèsi pou ekspozisyon nan viris nan chèche swen • Etabli kanpay nan tout Eta a ki detaye presizeman risk ki anrapò avèk ranvwaye administrasyon vaksen kont grip la ak lòt vaksen pou timoun yo • Travay ak sistèm swen sante ak founisè swen jeneral yo pou jwenn piblisite ki vize pou rann pasyan yo pi konfòtab pou resevwa swen (pa egzanp, estòk PPE, tès regilye pou manm pèsonèl, pwotokòl dezenfeksyon an, saldatant vityèl)

4 Ogmante kantite tès ki fèt, ak konsantrasyon byen presi pou fè plis tès pou popilasyon arisk yo

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
4.1 Ogmante kantite tès yo, epi redwi delè mwayen tretman yo, espesyalman pou popilasyon ki gen gwo risk	DPH te pibliye yon plan pou fè tès epi Eta a te kapab akselere tès depi premye estad yo nan pandemi an, ak objektif aktyèl la nan 80k/jou	• Bay rapò envestisman ak patenarya resan yo, evalye kapasite laboratwa Eta a ak laboratwa prive yo pou reyalize tès nan nouvo tès volim de pwent san reta rezilta yo - Jan sa nesesè, eksplore kijan pou ogmante kapasite tès laboratwa Eta a epi idantifye lòt sous anplis kapasite laboratwa prive yo atenn objektif ogmantasyon tès yo • Kontinye aktyalize plan sou fason pou fè alokasyon kit tès yo si ta gen kontrent ki baze sou bezwen apwovizyònman, mòbidite/mòtalite potansyèl, ak risk pou pwopagasyon • Apiye sou pwogram ki egziste deja yo pou etabli patenarya ofisyèl avèk etablisman swen lontèm yo, izin kondisyònman vyann yo, inivèsite yo, ak lòt anviwònman ki gen anpil risk yo pou mete an plas enfrastrikti pataje pou tès, rapò, ak repons pou eksplozyon
4.2 Siveye deprè epi ogmante tès ki sible yo (pa egzanp, atravè tès mobil, angajman kominotè) nan kominote moun difisil pou antre nan yo pou idantifye ka nan anviwònman ki gen gwo risk yo pi bonè	Efò Eta a te reponn a eksplozyon yo nan faktori bèt volay yo, epi yo te adapte machaswiv yo pou tès ak kontwòl enfeksyon pou etablisman swen lontèm yo	• Kreye patenarya ak pati ki konsène yo nan kominote a pou ogmante tès pami kominote Ispanik/Latino yo pou pote % tès pozitif yo sou menm liy ak eta mwayen a kapte prevalans maladi a pi byen • Elaji pwogram tès aleyatwa pami popilasyon izin kondisyònman vyann yo, etablisman swen lontèm yo, ak lòt anviwònman rasanbleman yo pou idantifye eksplozyon yo byen bonè • Apiye sou plan tès yo pou elaji èdtan tès yo ak rezo tès mobil yo atenn plis popilasyon arisk yo ki pa kapab jwenn aksè fasil nan enfrastrikti tès ki egziste deja yo
4.3 Soutni efò aktyèl pou rechèch kontak yo ak kanpay ki sible, ak pataj pi bon pratik yo, sèvis karantèn, ak itilizasyon zouti nimerik	Nan mwa me a, Eta a te anonse pwogram rechèch kontak li a an patenarya avèk NORC nan UChicago. Jiskaprezan yo te anboche 150 retrasè telefonik ak 13 retrasè teren sous kominotè	• Devlope kanpay sansibilizasyon pou ranfòse konfyans epi ogmante omaksimòm pousantaj kontak yo atenn nan 48 èdtan • Pwofite patenarya ki egziste deja yo pou mete yon pwen kontak rekiran avèk Eta vwazen yo pou pataje resous rechèch kontak yo ak pi bon pratik yo • Amelyore konfòmite karantèn nan pandan y ap anonse avantaj ki anrapò ak konfòmite (pa egzanp, manje, èd finansye, otèl) • Swiv efikasite zouti nimerik yo (NORC, Enovational) pou idantifye kontak, avèti moun ki ekspoze yo, epi ofri enfòmasyon sou resous yo

5 Ede abitan Delaware yo konprann pi byen epi respekte pwotokòl pou prevansyon transmisyon yo, sitou nan anviwònman ki gen gwo risk yo

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
5.1 Apiye sou kanpay relasyon piblik pou ankouraje pratik rediksyon transmisyon yo, ki gen ladan sistèm mesaj ki fèt pou atenn popilasyon ki vilnerab ak popilasyon ki pa konfòm yo	DPH pibliye enfòmasyon ki ankouraje pwoteksyon sou figi epi dekouraje aktivite ki gen anpil risk yo pandan tout pandemi an (pa egzanp, kanpay "Lives Safely (viv san danje)," "Dien Safely (dine san danje)," "Shop Safely (fè acha san danje)")	• Apiye sou efò DPH yo pou konpile ak difize sou gran echèl yon mesaj senp, konvenkan, ki ka repwodwi ki konsène enpòtans pou anpeche transmisyon • Konstwi epi fè sikile lajman yon mesaj koyeran ki toujou prezan osijè metòd ki pwouve pou diminye transmisyon
5.2 Devlope yon seri metòd pou fè yo mete mask, aplike distans sosyal, ak tout lòt metòd ki pwouve pou redwi transmisyon an nan espas piblik ak nan biznis yo	Eta ak DPH te redije yon lis kontwòl "Nòm Pwoteksyon Kliyan" epi yo te regwoupe enfòmasyon sou non-konfòmite pou gide repons li yo, pa egzanp nan kominote plaj yo	• Konstwi epi ogmante piblikasyon lis kontwòl DPH la pou ogmante respè machaswiv sekirite yo • Eksplore si mezi aplikasyon aktyèl yo pou pwoteksyon figi ak distans sosyal yo te efikas, epi anvizaje pou agrandi aplikasyon an si sa nesesè • Evalye pwofil risk rasanbleman komen yo epi dekouraje oswa mete limit sou sa ki gen gwo risk ak avantaj fèb yo (pa egzanp, klèbdenwi yo) • Kowòdone avèk lòt ajans Eta yo (pa egzanp, Komisè Ensandi) pou limite lisans pou sèten rasanbleman (pa egzanp, demonstrasyon fedatifis) si yo poze risk pou sante piblik
5.3 Apiye sou kolaborasyon aktyèl ki soutni etablisman swen lontèm yo pou idantifikasyon byen bonè eksplozyon ki ka genyen, jere kontinite swen, epi pataje pi bon pratik yo	Sistèm sante yo kolabore sou transfè an sekirite pou pasyan yo ant swen aktif ak etablisman swen lontèm yo DPH ak SHOC te gen pwen kontak regilye avèk etablisman swen lontèm yo epi li te distribye kit tès ak PPE	• Fòmalize kolaborasyon ant DPH ak etablisman swen lontèm yo pou asire yo gen konsèy ki apwopriye ak pi bon pratik pou izòlman, itilizasyon PPE, transfè ant etablisman yo, ak kominikasyon fidbak • Asire mizajou klè, koyeran, nan bon moman apwopo machaswiv/règleman onivo nasyonal, Eta, ak nan nivo òganizasyonèl pou etablisman swen lontèm yo • Pandan eksplozyon yo, priyorize sipò prevansyon transmisyon (pa egzanp epidemyolojis dedye) pou etablisman swen lontèm yo

5 Ede abitan Delaware yo konprann pi byen epi respekte pwotokòl pou prevansyon transmisyon yo, sitou nan anviwònman ki gen gwo risk yo

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
5.4 Kreye patenarya ak etablisman ki gen gwo risk yo pou pataje konsèy, pi bon pratik, ak bezwen apwovizyònman nan ka ijans yo	DPH te travay ak faktori bèt volay yo pou akselere tès anplwaye yo ak moun nan kominote anplwaye yo kòm repons ak eksplozyon yo	• Etabli, elaji, ak ankouraje itilizasyon kanal ki dedye pou etablisman ki gen gwo risk yo (pa egzanp, izin kondisyònman vyann yo) pou fasilite kominikasyon pratik prevansyon/kontwòl enfeksyon, fidbak, oswa asistans ki nesesè • Etabli ak kominike pwen referans klè pou mizajou machaswiv/reglemantè onivo nasyonal, Eta, ak nan nivo òganizasyonèl pou etablisman gwo risk yo • Nan ka dijans, apiye sou pwogram ki egziste deja yo pou bay priyorite sipò pou tès ak PPE

6

Si ta gen yon dezyèm vag, (a) soutni founisè swen sante yo pou mentni founiti sèvis swen sante aktyèl yo, ki konsantre sou popilasyon ki vilnerab yo ak kèk espesyalite (pa egzanp, premye swen; sante konpòtmantal ki gen ladan sante mantal ak espesyalis pou abi sibstans; pedyatri; jeryatri; OB/GYN); (b) otorize epi ankouraje pasyan ki gen maladi kwonik yo pou kontinye chèche swen; epi (c) ankouraje founiti kontini pou sèvis swen sante yo lè sa posib, plase restriksyon sèlman lè sa absoliman nesesè

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
6.1 Kreye plan pou mentni aksè nan swen pandan y ap soutni yon ogmantasyon sèvis swen sante ki founi nan kominote a (pa egzanp, swen nan lari, telesante), patikilyèman pou premye swen, sante konpòtmantal, pedyatri, jeryatri, ak OB/GYN	Lejislati Delaware a te pwolonje òdonans Gouvènè a pou otorize telesante kote pa te gen okenn relasyon ki te egziste avan sa epi se sèlman kapasite odyo ki disponib	• Detèmine kominote kote Eta a ta dwe konsantre sou efò kowòdinasyon ak sansibilizasyon deyò etablisman, baze sou (a) pi gwo bezwen ak (b) kote bès nan itilizasyon swen sante Vag 1 an te pi gwo • Detaye plan pou swen nan kominote a (pa egzanp, telesante, sèvis sou volan machin, san randevou, bò twotwa) baze sou sa ki pral atenn piplis moun nan kominote a • Konsidere pou pran dispozisyon pèmanan epi agrandi founiti telesante swen sante konpòtmantal (sa gen ladan sante mantal ak itilizasyon sibstans) depase 2021 • Planifye pou kouvèti sèvis sante/sekirite pou timoun si lekòl la fèt adistans an Otòn
6.2 Ankouraje founisè yo pou ofri swen andeyò etablisman pandan y ap avanse ak ranbousman ki adekwa, pa egzanp egalite ranbousman	Lejislati Delaware a te pwolonje lwa ki egziste deja sou parite telesante pou asire parite ranbousman pou konsiltasyon odyo-sèlman	• Detèmine ki kote pousantaj to ranbousman ba yo ofri dekouraje piplis livrezon swen deyò etablisman - Egzamine to ranbousman aktyèl la pou tretman komen yo ofri nan sèvis swen sou volan machin, san randevou, bò twotwa; souliye diferans ranbousman yo nan Medicare/Medicaid/asirans prive • Soutni biwo Gouvènè a nan preparasyon òdonans ki etabli parite ranbousman pou swen kominotè, avèk konsantrasyon sou sèvis ki gen pi gwo diferans ranbousman
6.3 Kowòdone ak lidè kominotè yo pou konstwi konfyans, espesyalman nan kominote vilnerab yo, epi pataje mesaj ki atire atansyon moun pandan y ap itilize kanal ki ogmante pòte a	Delaware te fè aktivite sansibilizasyon pou travay ak kominote vilnerab yo pou abòde enkyetid sou sante, sa gen ladan Healthy Communities Delaware	• Travay avèk òganizasyon kominotè yo, lidè yo, ak enfliyansè yo pou kreye lis lidè sante kominotè yo pou chak lokalite nan Delaware - Defini wòl ak responsablite lidè kominote yo pou amelyore efikasite efò sansibilizasyon yo • Òganize yon apèl chak mwa avèk lidè yo pou: - Brase lide sou estrateji pou ogmante konfyans nan inisyativ sante DHSS dirije yo - Teste efikasite mesaj yo - Konprann tandans sante yo nan chak konte - Kowòdone mesaj yo ak sansibilizasyon

7 Asire ke gen ase ekipman pwoteksyon pèsonèl ki disponib nan (a) etablisman swen sante yo (pa egzanp sistèm sante, biwo medsen yo, klinik), (b) etablisman swen lontèm (ki gen ladan mezon swen enfimye, rezidans vi lontèm, swen adomisil ak etablisman rezidansyèl pou moun ki gen andikap devlopmantal/entelektyèl), epi (c) nan pwòp rezèv Eta a

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
7.1 Entwodwi rekòmandasyon ki solid kote etablisman swen sante yo ak lòt anviwònman rasanbleman rezidansyèl yo prevwa pou (a) yon apwovizyònman 90 jou pou PPE epi (b) estrateji optimizasyon nan plan operasyon ijans yo	Lopital yo oblije kenbe yon apwovizyònman PPE ki se 2 semèn pou fè pwosedi ochwa yo. Pifò lopital nan Delaware yo rapòte apwovizyònman PPE pou 30 jou	• Rekòmande pou lopital, etablisman swen lontèm (sa gen ladan etablisman swen enfimye yo, lojman lontèm yo, etablisman sante nan kay ak etablisman rezidansyèl ID/DD yo), ak etablisman rezidansyèl kolektif yo (pa egzanp prizon yo) gen objektif pou kenbe yon apwovizyònman 90 jou pou mask, gan, blouz, ekran/linèt pou figi ak dezenfektan (itilizasyon pa mwayen kontak pandan yon pandemi oswa deklarasyon eta dijans) • Bay konsèy sou estrateji optimizasyon PPE nan plan operasyon dijans yo pou teni kont de ogmantasyon to konbisyon ak chèn apwovizyònman ki gen tansyon (pa egzanp, modelizasyon demann PPE, idantifikasyon founisè bakòp)
7.2 Avèk sistèm lopital epi kontribisyon operatè swen lontèm, elabore yon pwosesis pou Sèvis Sosyal ak Sèvis Sante Delaware a ka asire bon jan apwovizyònman parapò ak bezwen yo	Biwo pou Sèvis Medikal Dijans egzamine PPE Lopital yo pa mwayen DE-Trac	• Elabore yon plan pou elaji DE-Trac pou lopital, etablisman swen lontèm ak etablisman rezidansyèl kolektif yo kapab rapòte kapasite PPE dapre kalite (mask, gan, elatriye) regilyèman (pa egzanp, 2 fwa/semèn pandan eta dijans) • Fè verifikasyon aleyatwa pou konfime presizyon rapò a • Devlope plan pou aplikasyon, lè ou konsidere founisè resous, ak mank PPE koutèm • Dakò sou sanksyon ki ka genyen pou nonkonfòmite, sòti nan avètisman/sanksyon pou rive nan ranvwaye obligatwaman pwosedi ochwa yo
7.3 Konpile epi pataje machaswiv sou ekipman pwoteksyon pèsonèl pou sèvis medikal dijans ak klinik endepandan yo (pa egzanp, biwo dantè/biwo medsen, terapi fizik, elatriye) selon machaswiv asosyasyon nasyonal/eta a	Divizyon Sante Piblik Delaware te difize konsèy OMS/CDC pou estrateji konsèvasyon PPE yo pa mwayen avi Konsiltatif Sante, DE-Trac, asosye pwofesyonèl ak apèl konferans	• Apiye sou efò ki egziste deja pou difize konsèy PPE pa mwayen: - Egzamen machaswiv ki detaye estòk PPE rekòmande yo ki emèt pa asosiyasyon Delaware pou sèvis medikal dijans, doktè, dantis, terapi fizik, elatriye (oswa asosiyasyon nasyonal, si asosiyasyon Delaware yo pa bay konsèy sa yo) - Travay ak asosiyasyon pwofesyonèl yo pou konpile konsèy yo - Difize konsèy bay klinisyen yo, espesyalman pou sa gid konsèy ki egziste deja yo pa aplikab pou yo (pa egzanp, sa ki pa gen pwogram aktif prevansyon enfeksyon)

7 Asire ke gen ase ekipman pwoteksyon pèsonèl ki disponib nan (a) etablisman swen sante yo (pa egzanp sistèm sante, biwo medsen yo, klinik), (b) etablisman swen lontèm (ki gen ladan mezon swen enfimye, rezidans vi lontèm, swen adomisil ak etablisman rezidansyèl pou moun ki gen andikap devlopmantal/entelektyèl), epi (c) nan pwòp rezèv Eta a

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
7.4 Ranfòse plan pou fasilite apwovizyònman ak demann ki koresponn ak itilizatè yo (pa egzanp, echanj, prè, pwogram racha)	San sa pa depann de sipò Eta Delaware a, lopital yo te prete PPE nan men youn lòt pandan premye vag la epi yo te konkli akò pou pataje PPE (Delaware Healthcare Preparedness Coalition)	• Travay avèk founisè yo, sa gen ladan itilizatè ki gen gwo istwa sipli ak mank PPE, pou idantifye si gen yon nesesite pou Eta a soutni yon pwogram echanj/prè PPE • Eksplore fason pou amelyore kominikasyon nan pami etablisman swen sante konsènan bezwen ak eksè nan founiti, pandan gen posiblite pou tire avantaj nan kominikasyon ki egziste deja ant founisè DHSS yo • Idantifye posiblite ki ka genyen pou asosiyasyon swen sante/òganizasyon pwofesyonèl yo mobilize finansman pou soutni planifikasyon ak kowòdinasyon pou reyaparisyon
7.5 Planifye pou DE a mentni yon estòk Eta a ki gen yon apwovizyònman 30 jou nan tout kategori ki koresponn yo (selon konpreyansyon aksè nan PPE, to ka yo, to rediksyon, ak metòd konsèvasyon)	Eta a te konstwi yon estòk dijans 21-30 jou epi (a) l ap travay avèk Ajans Jesyon Ijans Delaware pou bay atik yo epi (b) li te konkli yon konsòsyòm 7 Eta pou ogmante kapasite pou akeri PPE	• Kalkile volim PPE ke lopital, etablisman swen lontèm ak lòt etablisman rezidansyèl yo mande pandan peryòd 30 jou ki gen pi gwo kantite demann (“Bezwen Vag 1”) • Achte PPE pou estòk Eta Delaware a, ase pou satisfè Bezwen Vag 1 an
7.6 Amelyore machaswiv pou jere dekèsman apati estòk PPE Eta a	Sant Operasyon Sante Eta a gen kritè pou dekèsman apati estòk la, pandan nan pami lòt bagay, yo teni kont de risk pou founisè a, risk pou kominote y ap sèvi a, kantite ka COVID pozitif ki rapòte, ak bezwen yo	• Kalkile volim PPE ke lopital, etablisman swen lontèm ak lòt etablisman rezidansyèl yo mande pandan peryòd 30 jou ki gen pi gwo kantite demann (“Bezwen Vag 1”) • Achte PPE pou estòk Eta Delaware a, ase pou satisfè Bezwen Vag 1 an

8 Kowòdone itilizasyon kapasite fizik nan etablisman ak nan sistèm yo, nan konsiltasyon ak kowòdinasyon sere avèk lidèchip sistèm sante a

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
8.1 Itilize leson ki te aprann konsènan kapasite demann pou sèvis swen sante yo nan Vag 1 an pou kolabore epi pi byen gide desizyon ki pral pran pi devan yo konsènan bezwen pou kapasite debòdman yo nan divès etap yon reyaparisyon	Divizyon Sante Piblik Delaware ak lopital Delaware ansanm te konstwi modèl prediksyon pou predi demann lan pandan premye vag la Eta a te konstwi yon lopital de kanpay (lopital pou bay swen ijan) (Nemours) men li pa te itilize	Kreye konpreyansyon debaz demann ki prevwa nan vag annapre yo pa mwayen konbinezon diferan previzyon maladi, ki gen ladan: • Aplike modèl prediksyon nasyonal ki konpare fiti vag yo ak Vag 1 an, nan Delaware presizeman • Devlope yon vizyon demann pou vag annapre yo selon estimasyon Delaware (a) pou pousantaj ka yo, (b) popilasyon arisk yo, (c) dire ki prevwa pou sejou, (d) to mòtalite, ak (e) efè devlopman tretman yo • Re-evalye bezwen yo epi konstwi lopital de kanpay sèlman oswa etablisman anplis ki konsakre pou COVID kote yo prevwa demann pou enstalasyon lokal yo ta dwe depase baz la + kapasite debòdman an ak si kowòdinasyon ant etablisman yo pa kapab konble eka a - Kenbe plan dijans pou etap ki nesesè pou konstwi lopital de kanpay (pa egzanp, enfrastrikti ak kontra apwovizyònman) sizoka ta vin gen bezwen - Eksplore bezwen pou separe etablisman "Tout COVID" pou anpeche pwopagasyon maladi a nan lòt anviwònman yo
8.2 Apiye sou kolaborasyon ki reyisi (pa egzanp swen egi ak kowòdinasyon etablisman swen sante ki kalifye) nan Vag 1 an pou soutni transfè ki sekirize ant etablisman swen egi ak etablisman swen lontèm yo, pandan y ap konsidere risk pasyan an ak kapasite etablisman yo	Etablisman swen lontèm yo, etablisman swen aktif, ak antite Eta yo te kominike epi kowòdone yon fason efikas transfè pasyan COVID yo ant etablisman yo	• Aktyalize plan materyèl ki egziste deja pou DPH ak lopital yo pou kowòdone transfè pasyan pandan vag annapre yo, sitou ant etablisman lontèm ak swen aktif yo • Devlope epi sosyalize machaswiv transfè yo, pandan y ap teni kont de kapasite lopital la ak risk pou sante pasyan an ak pwopagasyon enfeksyon ki asosye avèk yon transfè potansyèl • Detèmine kijan pou siveye kapasite pou kominike okazyon ki ka genyen pou kowòdinasyon/transfè nan tan reyèl • Panse pou kreye etablisman swen lontèm ki dedye nan chak konte ak manm pèsonèl ki apwopriye (pa egzanp, terapi respiratwa) pou swen sibegi COVID-19 yo

9 Rezoud pwoblèm mank potansyèl mendèv pandan y ap fasilite travay swen sante ki pa itilize ase yo epi redwi baryè reglemantè yo

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
9.1 Eksplwate Fon Èd pou Kowonaviris la pou fasilite mouvman pèsonèl swen sante ki pa itilize ase yo nan etablisman swen lontèm ak lòt anviwònman ki gen pi gran bezwen	Kòm filè sekirite, Sant Operasyon Sante Eta a kenbe lis manm pèsonèl (volontè, Gad Nasyonal, DMAT) pou fè fas ak ratman mendèv	Eksplore pou ranfòse pwosesis pou konekte kabinè/klinik doktè yo (ki ta otreman bay sispansyon tanporè pou pèsonèl ki manke itilize a) avèk etablisman swen alontèm ki nan nesesite yo • Fè ankèt sou kijan (i) operatè ki bezwen pèsonèl anplis epi (ii) kabinè ak klinik doktè ki gen pèsonèl ki pa itilize ase kapab kominike youn ak lòt pou fasilite mouvman anplwaye yo • Pwofite de ajans founiti manm pèsonèl yo, òganizasyon swen sante yo, òganizasyon pwofesyonèl yo, ak lòt sistèm sipò pou fasilite transfè tanporè pèsonèl
9.2 Klèman idantifye epi kraze gwo baryè reglemantè yo (pa egzanp, revokasyon) pou soutni kwasans ak fleksiblite espas travay kòm repons pou yon reyaparisyon oswa deklanchman anplis	Òdonans 24 mas Gouvènè a1 pèmèt etidyan gradye yo pratike sou baz limite sou sipèvizyon epi ofri privilèj pratik bay sèten founisè ki pran retrèt pa twò lontan	• Pou prepare pou mank mendèv ki kalifye, fè sondaj nan sistèm sante Delaware a, etablisman swen lontèm yo ak lòt klinisyen/operatè swen sante yo pou idantifye baryè regilatwa ki limite fleksibilite travay • Eksplore avantaj ki gen nan leve tanporèman règleman yo ak depans potansyèl (ki gen ladan kalite swen, aplikasyon, elatriye)

1. Modifye annapre

10 Pèmèt founiti kontini swen pou kenbe sante moun Delaware yo ak rezistans finansye a nan sektè swen sante a

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
10.1 Ankouraje founiti kontini sèvis swen sante yo lè sa posib, pandan y ap mete restriksyon sèlman lè, nan tèt ansanm avèk sistèm sante ak patnè kominotè yo, sa absoliman nesesè	Nan dat 5/20, DPH te anonse repriz pwosedi medikal ochwa ak sa ki pa ijans medikal	• Ankouraje etablisman swen sante yo devlope ak kenbe plan Kontinite Operasyon yo • Pou prepare pou fèmti potansyèl yo, kreye yon apèsi jeneral sikonstans ki limite kote Eta a dwe mete restriksyon sou swen ochwa nan sèten zòn jewografik (pa egzanp, lè kapasite nan ICU lokal la ogmante X% sou Y jou) - Epitou machaswiv sa yo gendwa konsidere risk pou ekspozisyon, bezwen popilasyon yo, ak ijans pou swen - Machaswiv yo dwe entegre kontribisyon sistèm sante yo, founisè ak patnè kominotè yo
10.2 Soutni rezistans finansye etablisman swen sante yo, (sitou founisè ki pi piti, founisè endepandan yo) pandan y ap konstwi enfrastrikti pou gide yo nan resous ki ede yo kontinye bay swen	DPH, Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid, ak Sosyete Medikal nan Delaware bay konsèy sou entènèt pou founisè yo sou jesyon risk anrapò ak COVID pandan y ap pratike (pa egzanp, optimizasyon apwovizyònman PPE, tès, elatriye)	• Revize direktiv disponib, ki egziste deja ki soti nan òganis reglemantasyon Eta/nasyonal ki abòde pi bon fason etablisman swen sante yo ka kontinye founi swen pandan yon dezyèm vag potansyèl (pa egzanp, konsèy pou teknik diminisyon risk, telesante) • Ankouraje etablisman swen sante yo devlope kontinite plan operasyon yo • Eksplore mwayen pou soutni fason etablisman sante Delaware yo ka pakouri direktiv ki egziste deja yo (pa egzanp, elaji pòtay referans ki egziste deja yo, ankouraje atoutfòs liy asistans founisè yo, elatriye) • Panse pou fè sansibilizasyon sible pou soutni founisè ki nan nesesite yo (pa egzanp, sa ki gen mwayen limite yo) pou oryante yo nan konsèy ki disponib yo
10.3 Pèmèt founiti swen kontini pandan y ap apiye sou plan operasyon dijans nan tout Eta a pou reponn ak mank potansyèl PPE, mank espas, ak mank travay	Sant Operasyon Sante Eta a te angaje nan yon gwo planifikasyon dijans	• Egzamine dokiman planifikasyon ki disponib ki egziste deja, espesyalman pou sa ki konsène ratman PPE, kontrent kapasite ICU yo ak mank mend v • Avèk kontribisyon ak sipò etablisman swen sante Eta a, toujou aktyalize plan yo pou konsidere chanjman kapasite ak gwo ogmantasyon demann

11 Fasilite aksè founisè ki nan nesesite yo nan finansman federal (pa egzanp, Èd pou Founisè Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal yo, Pwogram Pwoteksyon Chèk Peman) pandan y ap fè yon sansibilizasyon ki sible epi bay asistans teknik

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
11.1 Fasilite aksè founisè ki nan nesesite yo nan finansman federal (pa egzanp, Èd pou Founisè Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal yo, Pwogram Pwoteksyon Chèk Peman) pandan y ap fè yon sansibilizasyon ki sible epi bay asistans teknik	Founisè Delaware yo te resevwa apeprè $225M nan Fon Sekou Founisè HHS (HHS Provider Relief Fund)	• Idantifye etablisman swen sante ki nan nesesite yo (pandan y ap pwofite de analiz ki fèt nan rekòmandasyon 10.1 an) • Elabore plan sansibilizasyon, pandan y ap priyorize etablisman yo dapre bezwen finansye, ijans bezwen pasyan, kantite pasyan te sèvi, elatriye. • Idantifye/fòse resous ki gen eksperyans nan aplikasyon pou pwogram federal yo pou ofri asistans teknik (pa egzanp, asistans pou ekri sibvansyon, konsèy konsènan fason pou pakouri règ yo, elatriye) - Travay avèk asosyasyon swen sante ak òganizasyon pwofesyonèl yo pou soutni founiti asistans teknik, kote sa posib

12 Soutni sektè swen sante a pandan y ap avanse ak objektif swen sante Delaware a (pa egzanp lòt modèl ranbousman) pandan y ap atribye yon pati nan Fon Èd pou Kowonaviris la bay founisè ki bay swen yo, an pati, sou angajman yo nan avansman objektif sa yo

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
12.1 Soutni sektè swen sante a pandan y ap avanse ak objektif swen sante Delaware a (pa egzanp lòt modèl ranbousman) pandan y ap atribye yon pati nan Fon Èd pou Kowonaviris la bay founisè swen sante yo ki baze, an pati, sou angajman yo nan avansman objektif sa yo	Konte Delaware/Newcastle resevwa $1.25 milya dola alokasyon Fon Sekou pou Kowonaviris	• Detèmine kijan pou ankouraje benefisyè yo transfòme operasyon yo konfòmeman ak objektif lontèm Delaware • Elabore kritè distribisyon ki konsidere (a) bezwen, (b) valè pou pasyan yo, ak (c) kapasite/volonte founisè yo pou fè pwogrese objektif lontèm Eta a • Detèmine kijan pou siveye respè ak fè respekte konfòmite (pa egzanp, rediksyon bezwen finansman alavni yo)





Tabdèmatyè

1 Rekòmandasyon Sou-komite Sante PRAC la

2 Rekòmandasyon Sou-komite Ekite PRAC la

3 Rekòmandasyon Sou-komite Biznis PRAC la

1 Pou redwi risk transmisyon an, bay opsyon lojman Eta a soutni pou rezidan ki bezwen izole tèt yo

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
1.1 Elaji finansman epi eksplore elajisman elijibilite pou abri ijans ki pa gen rasanbleman, (pa egzanp, otèl/motèl, abri)	Atravè Lwa CARES la, yo bay finansman anplis pou Pwogram Sibvansyon pou Abri Dijans CDBG yo, Sibvansyon pou Abri Dijans (ESG), ak Pwogram Asistans Piblik FEMA	• Pwolonje pwogram ki egziste deja yo pou soutni karantèn ak izòlman pou moun ki teste pozitif pou COVID epi ki bezwen yon abri • Elaji pwogram pou bay yon abri pou travayè esansyèl ak/oswa moun k ap viv nan lojman gwo dansite ki chwazi jwenn abri ki pran devan pou chèche ogmante distans sosyal akoz enkyetid pou pwòp sante yo oswa sante manm fanmi yo • Reponn a bezwen pou distans sosyal pou moun sanzabri ak pou gwo risk pou moun ki nan lojman gwo dansite ak travayè esansyèl yo • Pou moun ki gen pwoblèm sante konpòtmantal nan izòlman, bay kontwòl pi souvan ak sipò anplis (pa egzanp, sant dapèl santralize pou reponn a demann ak swiv demann)
1.2 Ogmante sansibilizasyon piblik la ak aksè nan sit abri Eta a finanse	Sitwèb DHSA bay lyen ak resous pou aplike pou abri ak asistans	• Pwolonje pwogram ki egziste deja yo pou soutni karantèn ak izòlman pou moun ki teste pozitif pou COVID epi ki bezwen yon abri • Elaji pwogram pou bay yon abri pou travayè esansyèl ak/oswa moun k ap viv nan lojman gwo dansite ki chwazi jwenn abri ki pran devan pou chèche ogmante distans sosyal akoz enkyetid pou pwòp sante yo oswa sante manm fanmi yo • Reponn a bezwen pou distans sosyal pou moun sanzabri ak pou gwo risk pou moun ki nan lojman gwo dansite ak travayè esansyèl yo • Pou moun ki gen pwoblèm sante konpòtmantal nan izòlman, bay kontwòl pi souvan ak sipò anplis (pa egzanp, sant dapèl santralize pou reponn a demann ak swiv demann)

2 Ogmante responsablite anplwayè pou bay anviwònman travay ki gen sekirite ak sipò pou konje medikal

Swit sou pwochen paj la

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
2.1 Klèman kominike machaswiv yo epi ogmante responsablite anplwayè yo pou anviwònman travay ki an sekirite	Divizyon Ti Biznis Delaware bay machaswiv byen presi ki lye ak endistri a pou biznis yo	• Eksplore si nòm minimal aktyèl pou operasyon sekirize ak mezi aplikasyon pwoteksyon pou vizaj ak distans sosyal te efikas, epi panse pou agrandi aplikasyon an si sa nesesè • Panse pou ogmante egzijans yo selon pousantaj pozitivite yo • Depase machaswiv yo, defini ak reglemante konsekans pou non-konfòmite ki genyen amann ak/oswa sispansyon • Bay anplwaye yo mekanis pou deklare mank mezi pwoteksyon/sekirite ki apwopriye (pa egzanp, liy asistans pou deklare patwon ki pa konfòme yo)
2.2 Asire tout itilizasyon pwotokòl aktyèl yo pou konje medikal ki peye ak karantèn pou anplwayè ak anplwaye yo	Lwa sou Repons pou Kowonaviris Fanmi Dabò (Familie's First Coronavirus Response Act, FFRCA) ak Lwa sou Konje Familyal ak Medikal (Family and Medical Leave Act, FMLA) garanti ranbousman anplwayè a pou konje peye medikal ak familyal	• Devlope pwogram èd byen presi pou Delaware pou konplete pwoteksyon federal pou konje medikal peye ki konble twou vid ki ka genyen yo (pa egzanp, ti biznis yo; travayè swen sante yo) • ofri ankourajman pou egzante ti biznis yo pou yo ka elaji avantaj yo
2.3 Ede abitan Delaware yo konprann pi byen epi ogmante rekou a dwa travayè yo pou konje medikal peye pou pran swen tèt yo oswa antanke swanyan		• Mete aksan sou dwa anplwaye yo pou jwenn konje peye grasa yon kanpay piblik sou plizyè medya (pa egzanp, medya sosyal, televizyon, radyo, depliyan) • Kreye patenarya ak òganizasyon kominotè yo pou devlope materyèl ki vize pou gwoup byen presi • Abòde krent pou pèt djòb oswa pèt salè akoz itilizasyon dwa pou konje maladi peye a pa mwayen patenarya avèk anplwayè yo pou bay eklèsisman sou pwosesis ki etabli pou itilizasyon konje medikal oswa familyal nan diferan senaryo (pa egzanp, moun nan malad; manm fanmi li malad; li te an kontak avèk yon moun ki gen COVID-19)

2 Ogmante responsablite anplwayè pou bay anviwònman travay ki gen sekirite ak sipò pou konje medikal

Swit paj anvan an

Sou-rekòmandasyon

2.4 Etabli epi kominike machaswiv ki klè pou enstitisyon gouvènman an ak enstitisyon ki pa pou gouvènman an ak anviwònman rasanbleman yo, ki gen ladan sant koreksyonèl pou jèn ak pou adilt, etablisman sante mantal, abri, anviwònman swen enfimye ak swen lontèm, pou redwi risk COVID-19 la ak pou pwoteje rezidan ak anplwaye yo pandan y ap konsève sekirite ak site jeneral, ki gen ladan konsève yon apwovizyònman PPE pandan 90 jou ak estrateji pou ogmante respè ak mezi distans sosyal yo ak aksè nan tès pou anplwaye ak rezidan yo

Efò ki egziste deja yo

DOC te ogmante pwodiksyon mask ak founiti mask pou moun ki nan prizon

Detay sou rekòmandasyon yo

- Egzamine pwotokòl ki egziste deja yo pou netwayaj ak pou founi pwodwi ijyèn debaz yo pou idantifye travay
- Kontinye agrandi estrateji tès toupatou jan sa nesesè pou pran devan pou abòde transmisyon ki ka genyen nan etablisman yo
- Ogmante itilizasyon anplwaye pou pi bon pratik pou diminisyon risk COVID-19 ki genyen kominikasyon kontini sou risk COVID ak ogmantasyon responsabilite pou konfòmite (pa egzanp, konje obligatwa)
- Redwi transmisyon anplwaye yo bay rezidan yo nan anviwònman rasanbleman pandan y ap fasilite otorizasyon anplwayè a pou konfigirasyon sit ak/oswa gide anplwayè yo nan resous pou tès anplis
- Egzamine materyèl edikatif byen presi ki egziste deja pou endistri a sou COVID-19 pou anplwayè yo evalye efikasite an

3 Fè kowòdinasyon ak patnè kominotè yo pou ogmante aksè nan PPE (mask ak gan) pou rezidan DE yo nan sitiyasyon lavi ki gen anpil moun ak sitiyasyon rasanbleman yo, ki espesyalman vize zòn jewografik ki plis frape pa COVID la

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
3.1 Devlope yon sistèm rapò ak siveyans kontini pou kowòdone avèk òganizasyon kominotè yo pou founi mask ak gan bay moun ki gen bezwen resous pou reponn ak bezwen PPE debaz yo	Lopital yo diskite sou pwoblèm PPE yo nan yon apèl chak mwa avèk Biwo Sèvis Medikal Dijans yo	• Idantifye òganizasyon kominotè yo kòm patnè Eta a epi elabore yon plan • pou patnè yo deklare kapasite PPE dapre kalite (mask, gan, elatriye) regilyèman • Etabli yon rezèvwa resous nan tout Eta a ki deziyen pou patnè kominotè yo idantifye ki nan nesesite pou èd • Devlope pwotokòl ki klè pou demann pou PPE pran devan pou jere pwovizyon an ak repati resous yo yon fason ekitab ant patnè nan kominote a

4 Travay ak òganizasyon kominotè yo sou edikasyon rezidan ki sansib nan sa ki gen rapò ak kilti konsènan risk COVID ak machaswiv sou sekirite

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
4.1 Kreye patenarya ak òganizasyon kominotè ki gen inisyativ ki egziste deja, epi santralize resous yo pou bese baryè nan aksè yo	Biwo Gouvènè a te kreye yon patenarya avèk òganizasyon kominotè yo pou distribye resous yo, epi Fon Repons Estratejik DCF distribye fon yo bay òganizasyon yo	• Itilize relasyon ki egziste deja yo pou idantifye plis inisyativ • Aktive kominote ki baze sou lafwa yo ak sant gadri dijans yo • Devlope sistèm pou òganizasyon yo aplike pou patenarya Deta • Ogmante kominikasyon ak vizibilite nan 2 direksyon • Kowòdone ant Eta a ak gwo Òganizasyon ki pa pou fè pwofi yo pou santralize enfòmasyon sou rechèch resous sou frè jeneral administratif yo epi ogmante kapasite
4.2 Lanse kanpay relasyon piblik ki kowòdone pou ankouraje pratik rediksyon transmisyon yo, ki gen ladan sistèm mesaj ki fèt pou atenn popilasyon ki vilnerab yo	Efò Eta a te difize enfòmasyon an Espanyòl ak Kreyòl, epi yo te adapte mesaj yo pou amelyore patisipasyon nan tès yo	• Kreye yon plan mesaj divèsifye (pa egzanp, televizyon/radyo parapò ak dokiman enprime pou nivo alfabetizasyon pi fèb, medya sosyal pou gwoup laj ki pi jèn yo) • Pwodwi mesaj yo nan lang yo pou sèvi tout moun Delaware yo (pa egzanp, mete ladan materyèl ki pa an Anglè tankou Espanyòl ak Kreyòl) • Amelyore mesaj yo pou montre valè popilasyon sib yo (pa egzanp, mete aksan sou risk transmisyon pou manm fanmi oswa risk pou elaji fèmti)
4.3 Bay fòmasyon ak zouti pou edikatè ak enstitisyon edikatif yo asire sansibilizasyon epi aliyman ak machaswiv Eta yo pou yo fonksyone an tout sekirite		• Devlope modil fòmasyon sou entènèt yo ak yon sit entènèt Eta a pou aktyalize regilyèman pou kenbe edikatè yo ajou sou konsèy Eta a pou operasyon ki gen sekirite • Bay bwat zouti pou edikatè yo pataje avèk elèv yo ak fanmi yo, ki gen mesaj ki vize pou demografi byen presi: - Manm fanmi ki gen konpetans limite nan Anglè - Elèv ki gen bezwen espesyal - Edikasyon pou timoun piti

5 Ogmante aksè adomisil nan wot vitès san fil ak envestisman nan enfrastrikti ak sipò pou rezidan ki gen revni fèb pou bay aksè, edikasyon, ak telemedsin

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
5.1 Fè kowòdinasyon ak operatè ak jiridiksyon lokal yo pou elaji byen vit aksè nan gran vitès entènèt san fil	Lejislasyon DE 2017 la te fasilite ekspansyon teknoloji ti selil, epi mizajou san fil nan zòn riral yo pral fini nan mwa Jiyè 2020	• Adopte plis lejislasyon pou pèmèt operatè yo devlope enfrastrikti pou ekspansyon teknoloji ti selil, sa ki kapab ranfòse siyal pataj koneksyon ki egziste deja yo nan zòn revni fèb yo • Akselere konstriksyon pilòn nan kad ekspansyon san fil nan zòn riral yo ak pou siveye bezwen kominote a yon fwa pwojè a fini • Konsantre efò pi devan yo sou ogmantasyon koneksyon kay grasa founiti Mifi ak aparèy ki konekte anplis de yon aksè wot vitès agrandi
5.2 Entegre fwaye ki pa konekte yo pou ogmante aksè, espesyalman pou moun ki gen fèb revni ak kominote riral yo	Patenarya ant Eta a ak Bloosurf pou mizajou san fil nan zòn riral yo te konsakre $2 Milyon ki soti nan Eta a pou konstwi 14 pilòn ak mete kab fib optik	• Devlope kanpay medya piblik pa mwayen radyo, televizyon, ak apèl otomatik pou sansibilize piblik la sou aksè nan entènèt • Jan sa nesesè, devlope solisyon avèk fil kote envestisman kapital nan ISP yo pou gran vitès entènèt san fil ki twò wo ki pa te abòdab
5.3 Itilize fon ki rezève pou sa epi idantifye lòt sous finansman pou ogmante viziblite Eta a sou kouvèti global ak konektivite, espesyalman pou moun ki gen fèb revni fèb		• Fon pou enfrastrikti ak koleksyon done sou aksè gran vitès entènèt (pa egzanp, fè tès vitès) • Pou elaji aksè nimerik, kanalize patenarya prive ak piblik yo nan pami antrepriz telekominikasyon ak minisipalite lokal yo • Edike minisipalite yo sou avantaj efò enstalasyon 4G/5G • Ofri ogmantasyon aksè pou kay ki gen fèb revni ki gen ki gen aksè nimerik ki fèb oswa ki pa gen aksè

6 Pou founisè swen sante, elaji kapasite pou sèvis entèpretasyon yo

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
6.1 Ankouraje founisè swen sante yo pou ogmante kantite travayè swen sante premye liy ki metrize lòt lang apade Anglè (pa egzanp, Espanyòl, Kreyòl Ayisyen)	Plan Aksè nan Lang Sèvis ChristianaCare	• Si sa pa deja an plas, devlope mezi pou swiv ak evalye aksè nan founisè swen ki pale Espanyòl ak lòt lang yo nan tout pwen swen yo (pa egzanp, resepsyon, pèsonèl swen enfimye, doktè) • Asire ke entèpretasyon yo disponib nan tout etap angajman ak sèvis swen sante (nan pami diferan kalite pwofesyonèl swen sante yo) • Reponn a bezwen rezidan ki gen lang presipal yo ki pa Anglè
6.2 Bay lopital ak klinik yo finansman pou yo ka fè sèvis entèpretasyon videyo adistans pou elaji kapasite entèpretasyon an	Delaware Valley Translators Association	• Ogmante kapasite lopital lokal yo pou bay sèvis entèpretasyon pa mwayen kontra ak gwo antrepriz sèvis entèpretasyon ki egziste deja yo • Bay aksè nan sèvis miks, kote gen kèk entèpretasyon an pèsòn ki disponib si sa nesesè, men ogmantasyon aksè nan videyo ogmante kapasite entèprèt an pèsòn • Apiye sou enfrastrikti k ap grandi ak adopsyon telesante • Redwi bezwen pou enteraksyon an pèsòn ki gen pi gwo risk ak itilizasyon PPE

7 Ogmante aksesiblite tès, alokasyon, ak pwogram santinèl pou pran devan pou popilasyon Nwa ak popilasyon Latino yo ak lòt popilasyon ki vilnerab yo

Swit sou pwochen paj la

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
7.1 Ogmante adopsyon ak itilizasyon tès nan popilasyon Nwa ak popilasyon Latino yo pou atenn yon to tès pozitif ki nan valè ki sible yo	Plan tès Eta a ki aktyalize a gen ladan yon konsantrasyon sou popilasyon vilnerab yo ak kominote minoritè yo, epi li te ogmante tès yo resaman nan kòd postal ki nan nesesite yo (pa egzanp, Laurel, Seaford)	• Ogmante distribisyon kit tès nan kominote Latino yo, paske yon objektif <10% pozitivite ta mande pou omwen 20,000 tès anplis pou moun Latino yo[1] • Afekte kapasite laboratwa Deta pou reyalize tès pou popilasyon ki pa gen asirans ak sa ki plis arisk yo si ta gen kontrent kapasite • Dapre done prevalans ki pi resan yo, ogmante pousantaj tès nan kominote Nwa ak Latino yo pou aliyen yo ak pousantaj pozitivite nan pami popilasyon Blan nan Delaware • Kreye patenarya ak lidè kominotè yo ak founisè swen sante yo, sa gen ladan FQHC yo, pou ranfòse transparans ak konfyans konsènan tout objektif tès yo
7.2 Ogmante aksesibilite nan resous ak sit tès yo pou popilasyon Nwa ak Latino yo	FQHC yo ak sistèm lopital yo opere klinik mobil ak enstalasyon tès pou moun ki pa gen asirans nan tout twa konte Delaware yo	• Etabli yon sant resous santralize pou bay enfòmasyon sou pwen kontak pou rezidan ki pa gen aksè nimerik yo • Ajoute sit tès nan kòd postal ki gen gwo pousantaj pozitivite yo pou popilasyon Nwa ak Latino yo, epi redwi baryè nan otorizasyon sit yo • Pwofite de kominote ki baze sou lafwa yo kòm lyen pou resous tès yo • Kowòdone ant sant gadri dijans yo pou ofri operasyon pou pèmèt paran yo jwenn aksè nan resous tès yo • Kreye rezo tès mobil anplis ak sit san randevou pou moun ki pa gen transpò yo • Ogmante èdtan operasyon sit tès yo odela lè travay yo

1. Atenn objektif OMS rekòmande ki se yon to tès pozitif <5% ta egzije teste apeprè 80% popilasyon Latino nan Delaware omwen

7 Ogmante aksesiblite tès, alokasyon, ak pwogram santinèl pou pran devan pou popilasyon Nwa ak popilasyon Latino yo ak lòt popilasyon ki vilnerab yo

Swit paj anvan an

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
7.3 Fè patenarya ak gwoup ki pa pou fè pwofi yo ak lòt gwoup yo pou ogmante aksè nan tès pou popilasyon ki vilnerab yo (pa egzanp, moun ki gen pwoblèm nan sante konpòtmantal, moun ki viv an kominote) ak popilasyon tranzitwa yo (pa egzanp, sanzabri, moun ki fenk antre nan prizon)		• Egzamine pwotokòl pou depiste ak pou teste moun yo nan pwen kontak antre ak sòti ki frajil espesyalman nan sistèm Eta a pou evalye posiblite pou ogmante aksesibilite omaksimòm • Kreye patenarya ak òganizasyon kominotè k ap travay ak moun de pasaj yo pou fasilite aksè nan tès
7.4 Elaji tès siveyans santinèl epi redwi restriksyon pou kalifye pou tès yo	Plan tès Eta a gen ladan tès siveyans santinèl, ke yo lanse aktyèlman nan lopital, swen jeneral, FQHC yo, swen ijan, ak klinik DPH yo	• Etabli yon pwogram tès santinèl nan pami izin kondisyònman vyann yo ak lòt travayè esansyèl pou idantifye epidemi yo bonè • Kreye patenarya ak patwon yo, sitou sa ki nan popilasyon arisk yo, pou ankouraje tès regilye pou anplwaye yo ak pou redwi fado finansye ki ka genyen pou oblije ratman travay apre tès pozitif

1. Atenn objektif OMS rekòmande ki se yon to tès pozitif <5% ta egzije teste apeprè 80% popilasyon Latino nan Delaware omwen

8 Elaji pwogram pou retrase kontak, anboche epi fòme travayè yo deplase nan kominote ki plis afekte yo antanke moun ki fè rechèch kontak pou maksimize angajman ak presizyon enfòmasyon yo

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
8.1 Priyorize pou anboche moun k ap fè rechèch teren pou kominote ki gen gwo to kontak ki pa retrase yo	Eta a te planifye pou anboche 40 rechèch kontak sou teren nan kominote yo kote yo pral travay, an kolaborasyon avèk Healthy Communities Delaware	• Ogmante rechèch kontak sou teren pou popilasyon ak to pousantaj pwopriyetè ak itilizasyon telefòn selilè ki fèb • Kolabore atravè rezo rechèch kontak yo pou deplase kapasite a nan kote sa nesesè a piplis (pa egzanp, trasè ki pale kreyòl pandan eksplozyon pami popilasyon Ayisyen an) • Ogmante kapasite lang Espanyòl ak Kreyòl pou trasè telefonik yo • Kreye patenarya ak founisè swen kominotè yo pou ranfòse transparans ak konfyans konsènan tout objektif rechèch kontak yo
8.2 Fè patenarya ak Eta vwazen yo nan kowalisyon Nòdès yo pou idantifye pi bon pratik pou rechèch kontak ki efikas nan popilasyon ki vilnerab yo	Delaware ap travay avèk NORC nan UChicago ak sosyete analiz patnè pa yo Enovational pou pote koleksyon done rijid ak ekspètiz sante piblik nan pwogram rechèch kontak yo	• Devlope sistèm fidbak de direksyon pou rechèch kontak kominotè yo pou pataje remak souvan sou baryè ki ka genyen pou atenn manm kominote a oswa jwenn enfòmasyon egzat • Aplike epi pataje pi bon pratik pou rechèch kontak nan popilasyon vilnerab yo nan pami Eta vwazen konsòsyòm lan (pa egzanp, CT, RI) • Itilize patenarya avèk NORC ak Enovational pou devlope analiz ak konprann faktè ki ogmante chans pou siksè pou rechèch kontak nan pami popilasyon vilnerab yo

9 Asire kontinite etablisman swen sante yo, ankouraje pasyan yo pou reponn ak bezwen swen kwonik yo, epi ogmante aksè nan swen pou popilasyon Nwa, popilasyon Latino, ak popilasyon ki vilnerab nan kesyon medikal yo

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
9.1 Soutni kapasite etablisman swen sante yo nan zòn yo poko desèvi yo pou rete operasyonèl	Nan dat 5/20, DHSS te anonse repriz pwosedi medikal ochwa ak sa ki pa ijans medikal	• Limite operasyon swen sante yo nan zòn jewografik defavorize yo sèlman lè sa nesesè (pa egzanp, lè okipasyon ICU ki pi pre a ogmante X% sou Y jou) • Akselere aksè nan finansman federal ki rezève (pa egzanp, Sekou Founisè HHS, Pwogram Pwoteksyon Chèk Peman) • Idantifye/fòme resous ki gen eksperyans nan aplikasyon pou pwogram federal pou ofri asistans teknik (pa egzanp, asistans pou bay sibvansyon)
9.2 Ankouraje rezidan yo pou reponn ak bezwen swen kwonik yo gen pandan y ap fè kowòdinasyon ak lidè kominotè yo pou ranfòse konfyans ak pou fè kominike mesaj	Healthy Communities Delaware ap ogmante patenarya ak òganizasyon debaz ak defansè kominotè endividyèl yo pou devlope konfyans	• Travay avèk òganizasyon kominotè yo, lidè yo, ak enfliyansè yo pou kreye lis lidè sante kominotè yo pou chak lokalite nan Delaware • Aplike nan tout Eta a modèl ki baze sou lafwa pou edike moun ki abite nan rejyon sansib ki gen gwo maladi an menm tan • Kreye patenarya ak lidè katye yo pou kominike avantaj swen prevantif epi asire ke lidè katye yo konekte avèk founisè swen sante tankou FQHC yo pou asire aksè nan swen
9.3 Ogmante aksè nan swen pou popilasyon Nwa, popilasyon Latino, ak popilasyon ki vilnerab sou plan medikal yo grasa mizanplas opsyon founiti swen avèk parite ranbousman	Lejislati Delaware a te pwolonje òdonans Gouvènè a pou otorize telemedsin kote pa te gen okenn relasyon ki te egziste avan sa epi se sèlman kapasite odyo ki disponib	• Detay plan pou swen nan kominote a pou koresponn ak bezwen nimerik, mobilite, ak alfabetizasyon bezwen nan kominote a (pa egzanp, telesante, sèvis sou volan machin, san randevou, bò twotwa, disponiblite entèprèt) • Adopte parite ranbousman pou telemedsin ak founiti swen kominotè popilasyon defavorize yo plis itilize yo, sa gen ladan sèvis sante mantal ak tretman ak medikaman • Asire disponibilite kontini kit naloxone yo

10 Devlope yon plan ak machaswiv pou pran devan pou alokasyon resous swen sante yo si ta gen yon mank

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
10.1 Fè kowòdinasyon ak volim pasyan lopital yo ant etablisman Delaware yo atravè DHSS ak Sante Operasyon Sante Eta a, selon risk pasyan an ak kontrent pou kapasite yo	Lopital yo kominike kapasite yo chak jou nan Biwo Sèvis Medikal Dijans yo	• Elabore plan pou DHSS ak lopital yo pou kowòdone transfè pasyan yo pandan Vag 2 • Devlope ak sosyalize machaswiv transfè yo, pandan y ap konsidere kapasite lopital la ak risk pou sante pasyan an ki asosye avèk yon transfè potansyèl • Detèmine kijan pou siveye kapasite pou kominike okazyon ki ka genyen pou kowòdinasyon/transfè nan tan reyèl
10.2 Ankouraje rezidan yo pou reponn ak bezwen swen kwonik yo gen pandan y ap fè kowòdinasyon ak lidè kominotè yo pou ranfòse konfyans ak pou fè kominike mesaj	San sa pa depann de sipò Eta Delaware a, lopital prete PPE youn nan men lòt pandan premye vag la epi yo te konkli akò pou pataje PPE	• Travay avèk founisè yo, sa gen ladan itilizatè ki gen gwo istwa sipli ak mank PPE, pou idantifye si gen yon nesesite pou Eta a soutni yon pwogram echanj/prè PPE • Etabli kritè pou distribisyon PPE nan estòk Eta a konsidere vilnerabilite medikal popilasyon ke benefisyè ki ka genyen yo ap sèvi a • Pran devan pou kowòdone avèk klinik sante kominotè yo, FQHC yo, ak founisè sante nan ti nivo yo pou idantifye bezwen PPE ki prevwa yo
10.3 Konsidere machaswiv preyalab ki lye ak alokasyon swen si ta gen yon gran mank pou asire pwotokòl ki klè pou popilasyon ki gen pwoblèm sante ki te deja egziste		• Devlope machaswiv ki klè pou administre swen sizoka kapasite lopital la limite • Kreye patenarya ak founisè swen sante ki soti nan divès enstitisyon sante pou idantifye ak abòde enkyetid anrapò ak kontrent kapasite • Òganize reyinyon kontinyèl chak mwa pou - Evalye efikasite kowòdinasyon ak kominikasyon atravè sistèm sante nan tout Eta a - evalye itilite pwotokòl aktyèl yo epi revize yo si sa nesesè

11 Ogmante disponiblite done nan gwoup demografik prensipal yo pou tès, transmisyon, ak to mòtalite pou sible entèvansyon yo epi amelyore rezilta sante yo

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
11.1 Kolekte done tès yo ak done sou tretman jewografik ki gen ladan fwaye, espas travay, ak sit tès pou plis enfòmasyon sou transmisyon ki lye ak travay ak fwaye ak disponiblite tès yo	Sit Entènèt My Healthy Community gen done selon kòd postal ak konte	• Done Konplè pral fasilite repons rapid pou done k ap rantre pou pifò kominote arisk yo • Pou koleksyon ak rapò tès, machaswiv yo dwe ankouraje gade nan kay, espas travay, ak sit tès • Nan nivo Eta a, ankouraje koyerans nan idantifikasyon rasyal/etnik ant tout sous done yo
11.2 Ogmante viziblite done sante Eta a (pa egzanp tout koz lanmò yo) nan kad tablodbò konplè sou done COVID yo	Trasè Sante Delaware ak Tablodbò Kominote a	• Ajoute done nan tablodbò jeneral COVID la sou My Health Community • Pòtay Done sou: (a) to maladi an menm tan (komòbidite) ki gen gwo risk (b) mòtalite akoz lòt kòz • Kominike risk anplis yo bay manm kominote yo konsènan ekstènalite sante negatif COVID
11.3 Swiv plis done demografik konplè, ki gen ladan plis kategorizasyon rasyal, estrikti fwaye, idantite seksyèl, elatriye pou yo ka enkli nan done ki disponib pou piblik la	Pòtay Done My Healthy Community an gen done dapre sèten kategori ras, laj, ak sèks	• Adrès yo dwe redwi kantite done ki gen idantite enkoni • Nan nivo Eta a, ankouraje koyerans nan idantifikasyon rasyal/etnik ant tout sous done yo • Swiv gwo seri done demografik, sa gen ladan ras, etnisite, sèks, estrikti fwaye

1 Elaji fon asistans finansye yo pou travayè ki gen revni fèb ki te sibi enpak pandemi an

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
1.1 Ogmante asistans finansye pou travayè ki gen revni fèb nan endistri k ap fè fas ak defi ki pwolonje yo	Fon Repons Estratejik Delaware Konpansasyon Federal pou Chomaj nan Pandemi an (ekspire nan dat 7/31) Èd pou Chomaj nan Pandemi pou kontraktè endepandan yo (ekspire nan dat 7/31)	• Ogmante finansman filantwopik ak piblik pou sible asistans finansye nan pou travayè ki gen fèb revni yo nan endistri ki afekte yo • Ofri ankourajman fiskal Eta ak lokal bay biznis k ap ofri asistans peman bay kliyan–egzanp, plan peman oswa ranvwaye peman) • Etabli patenarya kontinyèl epi pèmèt òganizasyon ki bay asistans yo aplike pou sibvansyon oswa prè sekou yon sèl fwa
1.2 Eksplwate fon filantwopik ak patnè kominotè yo pou asistans finansye an ijans pou abitan Delaware ki pa elijib pou avantaj piblik yo (pa egzanp travayè ki pa gen papye yo)	Kowalisyon Kominite An Sekirite (Safe Communities Coalition) te lanse Fon Imigran Delaware pou bay asistans lajan kach pou kèk nan apeprè 30 Mil imigran san papye k ap viv nan DE	• Angaje kominote filantwopik lan pou li kontinye bay sipò pou travayè san papye ki pa kapab jwenn aksè nan fon piblik yo • Asire ke egzijans ID ak lòt prèv “disponiblite travay” yo pa reprezante baryè pou travayè san papye yo jwenn aksè nan konje medikal ki peye, swen medikal/tès gratis
1.3 Elaji sibvansyon pou lwaye ak sipò abitraj pou degèpisman pou lokatè epi asistans pou ipotèk ak sipò pou sezi (foreclosure) pou pwopriyetè kay yo	Pwogram Asistans Lojman Delaware; Pwogram Asistans Ipotèk Delaware-DHSA te itilize patenarya kominotè pou elaji kapasite lè demann pou Pwogram Asistans Lojman te depase kapasite li	• DSHA dwe prepare yon ogmantasyon kapasite pèsonèl pou travay sou aplikasyon yo, etandone ekspirasyon moratoryòm federal sou chomaj ak degèpisman an • Elaji pwogram sibvansyon lojman an pandan pandemi an; ankouraje pwopriyetè kay yo ofri asistans pou lwaye, sible travayè ki afekte yo (pa egzanp pa mwayen ankourajman fiskal) • Soutni prezèvasyon lojman abòdab grasa asistans ki sible pou mògedj pou pwopriyetè kay yo ak sibvansyon/prè pou finansman operasyon yo • Lanse kanpay edikasyon kominotè pou asire rezidan yo konnen dwa yo ak opsyon ki gen pou asistans • Ofri patenarya ak otèl/motèl pou lojman tranzisyonèl pi lontèm, tankou kontra-lwaye lontèm ak opsyon acha

2 Maksimize enskripsyon nan pwogram aktyèl sekirite sosyal piblik yo; Ajans Eta yo dwe prepare yo pou pran devan pou ogmante gwo kapasite si ta gen yon kriz ekonomik ki agrave

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
2.1 Travay ak òganizasyon kominotè yo sou kanpay enskripsyon pou moun ki fenk nan chomaj ak lòt moun ki elijib pou pwogram Federal ak Eta a	Administratè yo ka ki egziste deja yo, travayè sosyal ak òganizasyon kominotè k ap ede pou enskripsyon an	• Lanse kanpay enskripsyon nan Eta a, pou pwofite de òganizasyon ki deja angaje nan jesyon ka epi ki soutni enskripsyon nan pwogram piblik yo • Konsantre sou ogmantasyon adopsyon pwogram Eta ak federal yo (pa egzanp, Asistans Jeneral, WIC, SNAP/TANF, Medicaid) • Etabli patenarya kontinyèl epi akòde sibvansyon finansman/kontra pou òganizasyon kominotè k ap ede kanpay enskripsyon an
2.2 Elaji elijiblite, ogmante avantaj epi pwolonje dat limit kote sa posib pou pwogram Eta ak pwogram lokal yo	Pwogram DHSS, Asistans Jeneral, DOL, DOT ak Lojman ki egziste deja	• Konsidere lejislasyon pou elaji kalifikasyon pou pwogram asistans lokal ak Eta a (pa egzanp, TANF, WIC), asistans lojman Seksyon 8 pou moun ki gen pase kriminèl, avantaj chomaj Eta pou kontraktè endepandan) • Ogmante avantaj yo tanporèman epi aleje restriksyon itilizasyon nan pwogram Eta ki egziste deja yo–pa egzanp,) pou Delaware UI, Acha Swen, ak pwogram asistans koupon DOT pou Uber/Lyft
2.3 Ajans yo dwe prepare pou pran devan pou gwo kapasite pou trete demann chomaj ak aplikasyon pou sèvis sosyal yo si ta gen yon kriz ekonomik ki agrave	DHSA te itilize patenarya kominotè pou elaji kapasite a lè demann pou Pwogram Asistans Lojman te depase kapasite a	• Ajans yo dwe avanse ak plan bezwen nan zafè manm pèsonèl ak kapasite nimerik selon reyaparisyon Pandemi an ak senaryo ekonomik yo • Sible epi fòme travayè ki deplase pou travay nan nouvo Eta ak pozisyon lokal ak MBE yo pou tretman demann ofisyèl kontra tanporè, rechèch kontak

3 Soutni òganizasyon kominotè yo/òganizasyon ki pa pou fè pwofi k ap bay asistans finansye

Sou-rekòmandasyon

3.1 Fè patenarya epi soutni òganizasyon kominotè lokal yo nan relasyon ki te egziste deja ak konfyans nan kominote ki te sibi enpak yo pou mete an plas pwogram asistans ekonomik/asistans alimantè, pwogram sante ak pwogram rekouvreman

Efò ki egziste deja yo

Bank Manje nan DE yo bay asistans manje, ak plis aksè distribisyon manje disponib pa mwayen sèvis asistans nan telefòn DE (rele 211)

First State Community Action Agency ak Rural Health Initiative ap travay pou amelyore pwoblèm ekonomik ak pwoblèm sante pou kominote revni fèb ak riral yo

Detay sou rekòmandasyon yo

- Idantifye, kreye patenarya ak, ak dirije sibvansyon/finansman pou òganizasyon ki pa pou pwofi yo ki bay sèvis dirèk nan zòn kote gen pi gwo bezwen
- Aktive gwoup ak lidè de konfyans ki ka transmèt mesaj bay kominote lokal yo pou ogmante patisipasyon nan pwogram redresman yo ak mande kòmantè pou konprann baryè yo
- Akòde priyorite pou konstwi yon rezo sipò lokal ki gen ladan manm pèsonèl ki pale Espanyòl ak Kreyòl, pou asire sèvis tradiksyon yo pa yon baryè pou antre

4 Elaji ankourajman pou ogmante aksè nan kapital ak kredi pou minorite ak fanm ki posede biznis yo

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
4.1 Ogmante finansman pou yo ansanm ak kapasite Enstitisyon Finansye pou devlopman Kominotè yo (Community Development Financial Institutions, CDFI) nan Delaware		• Devlope rezo kolaborasyon pou CDFI yo nan Delaware pou ankouraje afilyasyon ak kolaborasyon, ak pou idantifye objektif pataje ak mezi pou evalye pwogrè nan direksyon objektif yo • Bay prè enterè fèb ak/oswa sibvansyon kapital pou CDFI yo • Ofri amelyorasyon kredi ki fè li pi fasil pou prete
4.2 Pou enstitisyon finansye yo, ogmante patenarya anplwayè yo nan DE ki amelyore aksè nan kapital ak ankouraje fon epay ak fon pou retrèt, espesyalman pou MBE yo	Stand By Me Negocios asosye ak Komisyon Ispanik DE (DE Hispanic Commission) pou pote alfabetizasyon finansye ak estabilite nan kominote minoritè yo	• Devlope inisyativ ki vize pou atire MBE yo nan direksyon bank ak etabli liy kredi grasa òf sèvis miks, ki gen ladan sèvis konsèy • Redwi egzijans envestisman inisyal yo pou atire ti antrepriz yo • Defini KPI entèn anrapò ak mezi kwasans pou MBE yo • Pou enstitisyon finansye yo, ofri ankourajman pou patwon yo lè pifò nan anplwaye yo enskri nan plan retrèt ak/oswa lè anplwaye yo ekonomize pi gwo pousantaj nan revni total • Ogmante pwen kontak kontini ant enstitisyon finansye patnè yo, anplwaye yo ak manm kominote yo pou ofri sèvis konsiltatif sou plan retrèt ak plan epay

5 Elaji elijiblite pwogram prè Eta a epi fè patenarya ak CDFI lokal pou ankouraje respè pou pwogram aktyèl èd piblik pou pandemi an (pa egzanp, PPP, HELP), rediksyon baryè lè sa posib, epi sible MBE ak WEB yo pou pran devan

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
5.1 Redwi egzijans ki lye ak aksè nan kredi, gwosè biznis, ak tip endistri ki limite elijiblite pou sibvansyon ak prè pou pwopriyetè ti biznis yo	Pwogram Prè pou Ijans Ospitalite (Hospitality Emergency Loan Program, H.E.L.P.) ofri prè pou biznis nan sèvis ospitalite oswa sèvis pèsonèl ki gen revni ki mwens pase $2.5 Milyon	• Pran devan pou sible MBE yo ak WBE yo pou adopsyon pwogram èd pou pandemi a, etabli objektif ak swiv mezi yo • Egzamine pwogram sibvansyon ki egziste deja yo pou elaji posiblite itilizasyon fon yo ak elaji aksè pou plis biznis nan DE • Plede pou chanjman nan regleman federal ki limite kalifikasyon pou sibvansyon pou biznis yo sou baz aksè nan kredi • Rezoud pwoblèm aksè nan kredi ak sèvis finansye nan zòn iben ak zòn ki gen fèb revni yo
5.2 Ofri sèvis sipò pou pwopriyetè ti biznis ak biznis minoritè yo resevwa asistans pou aplikasyon pou sibvansyon/prè	Divizyon Ti Biznis ofri resous, Kesyon Moun Poze Souvan, ak enfòmasyon pou pran kontak pou kandida yo sou sit entènèt pa yo	• Kreye sant sipò ki dedye pou ti biznis ak biznis minorite yo posede ki bay asistans an dirèk pou pwopriyetè biznis k ap chèche • Ofri asistans sou plizyè medya, ki gen ladan platfòm Wèb ak telefòn • Bay delè long anvan ouvèti aplikasyon epi kenbe aplikasyon an louvri pou pèmèt kandida yo prepare epi soumèt dokiman yo • Egzamine epi rezoud pwoblèm klarite nan machaswiv ak pwosesis aplikasyon ki te jennen aksè nan seri aplikasyon anvan yo pou prè Eta a finanse • Konsidere ankouraje plasman nan Sant Dafè Ajans Devlopman Biznis Minorite nan Delaware, epi travay ak patnè resous ki egziste deja ki baze nan Delaware pou soutni MBE yo

6 Mete mezi an plas pou posiblite mache piblik ki ekitab epi defini objektif pou patisipasyon MBE nan kontra Eta a akòde

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
6.1 Ogmante kantite biznis minorite yo posede ki anrejistre nan Biwo pou Divèsite Founisè a (Office of Supplier Diversity, OSD) pandan y ap rasyonalize pwosesis sètifikasyon an	OSD gen aktyèlman yon lis ki gen plis pase 750 biznis/antrepriz minorite yo posede (MBE yo)	• Etabli pòtay ki baze sou entènèt, aplikasyon elektwonik, ak sistèm santralize pou sètifikasyon pou konekte MBE yo ak lòt antrepriz pou ogmante itilizasyon • Lanse kanpay nan tout twa konte yo nan Delaware pou enskri MBE yo nan OSD, ak objektif pou ogmante a 100% kantite biznis ki anrejistre • Lanse ankèt bò kote MBE yo pou evalye sansibilizasyon OSD ak sèvis yo ofri yo pa mwayen afilyasyon
6.2 Bay ankourajman finansye Eta a soutni pou ankouraje enklizyon MBE yo pou apwovizyònman ak pasasyon mache	Supplier Diversity Council gen pou objektif idantifye obstak yo ak kreye opòtinite pou MWVBE yo Defavorize yo Business Enterprise Program ogmante opòtinite kontra pou MBE yo	• Bay kredi fiskal pou antrepriz ki itilize MBE yo pou yon pousantaj minimòm aktivite anyèl jeneral (pa egzanp, akòde 15% nan kontra yo bay MBE yo pou resevwa kredi) • Adrès yo dwe ogmante itilizasyon MBE yo nan ekonomi Delaware a
6.3 Swiv pwogrè nan direksyon objektif byen presi ki fikse pou patisipasyon MBE yo nan apwovizyònman ak pwojè Eta a soutni ak swiv pwogrè nan direksyon objektif yo nan kad yon pi gwo plan estratejik	Supplier Diversity Council etabli inisyativ pou ranfòse pousantaj patisipasyon MBE yo nan apwovizyònman ak kontra	• Devlope yon plan estratejik pou swiv ak reponn pou mezi kle ki anrapò ak apwovizyònman ekitab ak atribisyon kontra pou MBE yo • Panse pou egzamine ak revize egzijans kalifikasyon pou sètifikasyon aplikab pou pwojè Eta yo • Idantifye mezi kle pou swiv apwovizyònman ekitab ak kontra Eta a akòde pa mwayen idantifikasyon endistri, anplasman, ak demografi biznis ki resevwa sibvansyon Eta a • Ankouraje ajans Eta yo ak distri lekòl yo pou ajoute objektif byen presi anrapò ak pi gwo enklizyon MBE yo nan kontra ak apwovizyònman • Pataje done piblik yo epi deklare pwogrè ki anrapò ak plan estratejik

7 Soutni sibvansyon/prè pou depans ki gen rapò ak COVID la ak pou antreprenarya, ki gen sansibilizasyon ki sible MBE yo epi asire tout pwogram ED ak pwojè ki kreye yo sible MBE yo

Swit sou pwochen paj la

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
7.1 Elaji prè pou antreprenarya/sibvansyon ak akseleratè, pandan y ap deziyen atribisyon fon pou pwogram ki fèt espesifikman pou MBE yo	Sibvansyon EDGE yo bay jiska $100 mil dola pou MWVBE ki kalifye yo nan domèn STEM ak $50 Mil dola pou biznis yo nan domèn ki pa STEM	• Elaji sibvansyon/prè antreprenarya ki egziste deja yo pou sible pi presizeman MBE yo nan sektè ki trè afekte yo • Deziyen piblikman pati fon pwogram antreprenarya pou MBE yo
7.2 Ogmante prè, alokasyon, sibvansyon, ak lòt mezi finansye ki p ap ranbouse pou soutni biznis kriz la te fè enpak sou yo, pandan y ap deziyen atribisyon fon pou pwogram ki fèt espesifikman pou MBE yo	SBA te rann disponib asistans nan zafè prè pou katastwòf (Economic Injury Disaster Loans, EIDL) pou soulaje enpak ekonomik COVID sou ti biznis yo	• Soutni MBE yo pa mwyen prè, sibvansyon don, ak lòt mezi finansye padonab (ni nouvo ni elaji): pa egzanp, pati nan pakè lwa CARES la ki dirije presizeman sou MBE yo, sibvansyon korespondans, prè padonab pou PPE/racha estòk/devlopman modèl teknolojik oswa komèsyal ki nesesè akòz COVID, elatriye. • Deziyen piblikman pati sib fon pwogram pou MBE yo

7 Soutni sibvansyon/prè pou depans ki gen rapò ak COVID la ak pou antreprenarya, ki gen sansibilizasyon ki sible MBE yo epi asire tout pwogram ED ak pwojè ki kreye yo sible MBE yo

Swit paj anvan an

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
7.3 Asiste MBE yo nan adaptasyon nan nouvo modèl travay ak sèvis pandan y ap soutni kapasite ak devlopman enfrastrikti yo	Tech Impact Delaware ofri fòmasyon adistans gratis pou travay	• Soutni depans ki anrapò ak COVID ak devlopman kapasite pou MBE yo pou adapte yo ak nouvo modèl travay ak sèvis (pa egzanp, peman san kontak, aktivasyon nimerik, sèvis sou entènèt/sèvis mobil, elatriye) • Deziyen piblikman pati sib fon pwogram pou MBE yo
7.4 Soutni pwogram ankadreman komen pou sektè piblik-prive yo pou ede antreprenè ak pwopriyetè ti biznis yo simonte defi pou yo ka bouje epi devlope biznis yo, ak yon konsantrasyon patikilye sou MBE yo	Delaware Small Business Chamber, DSBC) fasilite yon pwogram ankadreman pou manm	• Kreye patenarya ak enstitisyon prive yo pou ofri opòtinite pou ankadreman (pa egzanp, atelye, jimlaj ankadrè endistri, resous edikatif, seminè, elatriye) pou ede MBE yo ak antreprenè minorite yo k ap devlope/pivote biznis yo akòz COVID • Deziyen piblikman pati sib pòte/fon pwogram pou MBE yo

8 Etabli ankourajman pou fanmi ki gen revni fèb yo ranfòse fon epay ijans yo pou ensètitid ekonomik ki lye ak pandemi an

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
8.1 Bay kredi fiskal pou epay ak planifikasyon retrèt ki sible nan fwaye ki gen fèb revni ak fwaye minoritè yo	Onivo nasyonal, IRS ofri Kredi Fiskal pou Depans Demaraj Plan Retrèt pou Ti Anplwayè yo	• Ofri kredi fiskal pou epay ak planifikasyon retrèt pou bay ankourajman finansye pou epay, ki vize espesyalman fwaye revni fèb ak minorite yo
8.2 Revize egzijans elijiblite pou pwogram asistans sosyal yo pou evite dekouraje epay pèsonèl yo	Senatè. Coon, Brown te entwodwi Lwa ASSET an 2020 pou rekòmande ogmantasyon limit avantaj yo pou TANF, SNAP, ak LIHEAP, soti nan $2000 pou vin $10,000 pou yon moun epi $3,000 pou vin $20,000 pou yon koup	• Egzamine kalifikasyon pou pwogram yo epi kote sa posib, chèche opòtinite pou elaji kalifikasyon pou atenn plis popilasyon ki nan bezwen, redwi depans pou konfòmite pou patisipan yo ak pou louvri pwogram yo pou yon pi gwo pati rezidan Delaware ki nan bezwen yo • Plede pou retire limit byen pou asistans sosyal lajan kach, asistans manje, ak lòt pwogram asistans sosyal yo • Devlope fon kominotè ak pwogram edikasyon rezidan yo pou bay fanmi yo lòt posiblite epay pou konstitiye byen ak pou resevwa asistans sosyal jan sa nesesè
8.3 Kreye pwogram pou bouste epay pou popilasyon revni fèb ak minorite yo	Nouvo Inisyativ Bankè Delaware a te mennen nan twa enstitisyon finansye ki vini nan “dezè bankè” sou Route 9	• Kreye pwogram ki gen entansyon pou bouste epay, ansanm epi mete an plas yon pwogram fidisi obligasyon pou tibebe pou timoun fwaye ki gen fèb revni yo, epi retire frè administratif ak frè emisyon kat pou kat debi gouvènman an bay (pa egzanp, kat SNAP, asirans chomaj, elatriye)

9 Kontinye envestisman nan pwogram ki enpòtan anpil ki konsantre sou mobilite ekonomik

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
9.1 Nan anviwònman ki gen bidjè limite, mentni finansman pou pwogram Eta yo ki abòde inegalite richès epi ki ankouraje mobilite ekonomik	Pwogram mobilite ekonomik Eta a ki egziste deja	• Kenbe finansman pou pwogram ki abòde inegalite richès ant jenerasyon yo pa mwayen pwomosyon mobilite ekonomik nan domèn kle yo, ki gen ladan posede kay, mobilite mendèv, edikasyon pou timoun piti, byennèt, elatriye.
9.2 Kontinye soutni enstitisyon ansèyman siperyè Delaware yo ak inivèsite kominotè yo pou evite ogmantasyon frè eskolè oswa rediksyon nan prè/sibvansyon	Delaware administre 12 pwogram èd finansye ansèyman siperyè Eta a patwone atravè Biwo Edikasyon Siperyè Delaware a	• Evite diminye nan finansman etablisman ansèyman Delaware yo pou evite enpak finansye/edikatif ki negatif pou elèv yo, espesyalman elèv ki gen fèb revni ak minorite yo

10 Elaji/Kreye plasman mendèv ak pwogram devlopman, ak yon konsantrasyon sou ankourajman sektè sèvis la pou biznis yo anboche nan baz done talan non-tradisyonèl yo

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
10.1 Bay ankourajman pou biznis yo anboche nan baz done talan non-tradisyonèl yo epi redwi egzijans elijiblite yo	Delaware ofri Kredi Fiskal pou Opòtinite Travay pou biznis ki anboche moun ki sòti nan gwoup ki sible yo	• Bay sibvansyon salè ak lòt ankourajman pou biznis ki anboche moun nan kominote sib yo (pa egzanp rezidan ki itilize pwogram asistans sosyal yo, k ap viv nan kominote Opòtinite yo) pou elaji kalifikasyon pou reflete lajman popilasyon nan chomaj nan kriz ki gen kounyeya • Ankouraje rediksyon egzijans yo kote yo pa obligatwa yon fason ki estrik (pa egzanp, redwi egzijans nan zafè edikasyon yo, sèvi moun ki gen pase kriminèl)
10.2 Fè patenarya ak sektè prive nan posiblite pou fòmasyon ak anplwa pou devlopman mendèv, konsantrasyon sou plasman sektè sèvis la nan endistri kwasans yo	Komisyon Devlopman Mendèv la bay oryantasyon politik ak sipèvizyon pou WIOA Wilmington Alliance travay pou kreye yon pwogram devlopman mendèv dinamik pou fè koresponn sitwayen Wilmington yo ak patwon Wilmington nan sektè labank ak konstriksyon	• Devlope pwogram devlopman mendèv pou fòme nouvo anplwaye nan domèn kote Eta te manke kapasite ki enpòtan anpil (pa egzanp, tretman reklamasyon chomaj yo, rechèch kontak) • Sible travayè deplase yo pou travay nan nouvo pozisyon yo • Ofri sibvansyon salè pou biznis sektè prive yo ofri posiblite fòmasyon/rekalifikasyon, ak entansyon pou anboche • Bay sèvis konplè (pa egzanp, jesyon ka, transpò piblik, gadri, devlopman pwofesyonèl, sibvansyon pou viv pandan fòmasyon, sipò sante konpòtmantal, orè fleksib) pou ranfòse aksesibilite nan pwogram fòmasyon yo ak siksè plasman an • Ogmante kapasite gouvènman antanke anplwayè pou ogmante kapasite de pwent nan ajans ki bezwen plis anplwaye (gade rekòmandasyon 2.3)

11 Sibvansyone sèvis sipò pou mendèv ki egziste deja a ak nan chomaj (pa egzanp, gadri, transpò piblik, gran vitès)

Swit sou pwochen paj la

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
11.1 Kontinye epi elaji pwogram sibvansyon pou swanyan yo (pa egzanp, gadri, swen pou adilt) pou fanmi ki gen fèb revni	Pwogram sibvansyon gadri Delaware a bay gadri pou fanmi ki gen fèb revni, avèk ko-peman ki anile pandan kat premye mwa pandemi an Dapre EO, sit gadri yo te resevwa ranbousman pou plas vid depi avril, ki pral fini pa disparèt	• Pou pwogram sibvansyon gadri nan Delaware yo, idantifye sous piblik ak prive pou sipò finansye pou kenbe sibvansyon pou gadri pou fanmi revni fèb yo • Devlope kanpay sansibilizasyon piblik pou asire ke fanmi ki bezwen sipò anplis pou gadri yo okouran de pwogram nan epi yo kapab resevwa èd
11.2 Kreye/elaji pwogram sibvansyon otobis transpò piblik pou fanmi ki gen fèb revni yo	Pandan pandemi an, DART te ofri trajè otobis gratis pou elèv yo ak tarif ki sispann, l ap anvizaje rabè tarif nan kad estrateji lontèm pou COVID	• Sibvansyone frè transpò piblik pou popilasyon revni fèb yo (pa egzanp, lesepase otobis pou endijan pou pasaje ki gen fèb revni, sèvis lanavèt gratis, kat tren sibvansyone, elatriye) • Devlope yon plan pou asire founiti sèvis paratranzit lè yo konplete mendèv ak sèvis ki nesesè sizoka te gen kapasite redwi (pa egzanp, akoz grèv, distans sosyal, maladi)

11 Sibvansyone sèvis sipò pou mendèv ki egziste deja a ak nan chomaj (pa egzanp, gadri, transpò piblik, gran vitès)

Swit paj anvan an

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
11.3 Bay ogmantasyon finansman ak ankourajman pou lekòl ak distri yo ogmante koneksyon entènèt pou elèv Delaware yo	Yo te itilize finansman Lwa CARES la pou ekspansyon san fil nan zòn riral yo	• Asire aksè egalego nan aprantisaj adistans nan ofri sibvansyon pou aksè entènèt ak aksè nan laptòp • Bay aparèy ki konekte nan yon pri redwi nan lekòl ki elèv ki gen bezwen pou aparèy yo (pa egzanp, elèv ki gen revni fèb) • Ogmante sansibilizasyon WiFi gratis nan kote ki egziste deja yo (pa egzanp bibliyotèk, pak, batiman minisipal) epi ogmante kantite lekòl ak batiman minisipalite a posede ki bay WiFi gratis • Itilize sèvis sosyal ki la deja yo pou moun ki gen revni fèb yo pou devlope pwogram koupon pou sèvis ak aparèy entènèt, sa ki ogmante ajans patisipasyon tou ki gen yon baz moun ki egziste deja
11.4 Elaji koneksyon entènèt gran vitès pou rezidan riral ak rezidan ki gen fèb revni yo	Pandan pandemi an, gouvènman konte yo te lanse pataj wifi gratis nan batiman konte yo, pak yo, ak bibliyotèk gratis yo, epi DOE te afekte lajan k ap itilize pou ekspansyon san fil	• Fon enfrastrikti pou gran vitès san fil ak kòlèk done sou aksè gran vitès (pa egzanp, fè tès vitès) • Bay sibvansyon plan done pou moun k ap chèche travay - Gouvènman lokal yo kapab negosye to favorab avèk antrepriz yo pou akselere mizanplas ak ogmante pòte • Elaji rapidman teknoloji ti selil yo (pa egzanp, òtspòt limyè nan lari yo) pa mwayen negosyasyon depans envestisman demaraj avèk konpayi yo • Itilize sèvis sosyal ki la deja yo pou moun ki gen revni fèb yo pou devlope pwogram koupon pou sèvis ak aparèy entènèt, sa ki ogmante ajans patisipasyon tou ki gen yon baz moun ki egziste deja

12 Bay mendèv la aksè nan ase ekipman pwoteksyon pèsonèl ak mezi sekirite (pa egzanp, PPE) epi soutni mendèv COVID-19 la te fè enpak sou yo (pa egzanp konje familyal peye)

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
12.1 Bay mendèv la aksè nan ase ekipman pwoteksyon pèsonèl ak mezi sekirite (pa egzanp, PPE) epi soutni mendèv COVID-19 la te fè enpak sou yo (pa egzanp konje familyal peye)	Mizajou lis founisè PPE nan Delaware nan kad bwat zouti Biznis pou Biznis	• Mande pou biznis yo bay aksè nan mezi pwoteksyon/sekirite sifizan pou mendèv-ki gen ladan PPE, dezenfektan, distans sosyal apwopriye, kontwòl sante • Bay anplwaye yo mekanis pou deklare mank mezi pwoteksyon/sekirite ki apwopriye (pa egzanp, liy asistans pou deklare patwon ki pa konfòme yo)
12.2 Soutni mendèv ki te sibi enpak COVID-19 la atravè ogmantasyon aksè nan konje medikal ak konje familyal ki peye	FFRCA, ke dekrete pa mwayen Lwa CARES la, disponib pou travayè nan fen 2020 an	• Ogmante sansibilizasyon piblik sou dwa pou konje medikal ak familyal pa mwayen Family First Coronavirus Response Act (FFRCA) ak aksè patwon yo nan ranbousman atravè FFRCA • Kreye patenarya avèk anplwayè yo pou bay eklèsisman sou pwosesis ki etabli pou itilizasyon konje medikal oswa familyal nan diferan senaryo (pa egzanp, moun nan malad; manm fanmi li malad; li te an kontak avèk yon moun ki gen COVID-19)

13 Bay sipò ki nesesè pou lekòl, elèv, ak fanmi pou pakouri yon fason ki fleksib atravè plizyè senaryo ki posib, pou asire sekirite ak aksè kontini nan edikasyon ak gadri

Sou-rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
13.1 Bay lekòl piblik K-12 yo èd pou ede yo rekouvri frè yo atravè yon pwosesis sibvansyon pou depans ki elijib ki gen ladan PPE	Lwa CARES te bay fon sekou pou lekòl yo atravè Fon Sekou Dijans pou Elemantè ak Segondè	• Etabli fon pou lekòl piblik K-12 yo pou asire operasyon an tout sekirite epi resevwa ranbousman pou depans ki anrapò ak COVID: - Ekipman pwoteksyon pèsonèl - amelyorasyon batiman ki pwoteje kont pwopagasyon COVID19 (pa egzanp, amelyorasyon sistèm vantilasyon) - teknoloji oswa ekipman saldeklas
13.2 Abòde ensekirite alimantè pou elèv ki jeneralman repoze sou lekòl pou jwenn manje	Pwogram Sèvis Manje Dete te bay timoun yo prèske 3.8 milyon repa soti mwa mas rive mwa jen.	• Devlope pwosesis ki klè pou elèv yo ak fanmi yo jwenn aksè nan manje gratis ak bon mache nan tout senaryo posib pou relouvèti lekòl la • Kominike klèman pou fanmi yo kote ak kijan yo ka jwenn manje nan pwogram repa lekòl yo • Sèvi ak done ane lekòl anvan an pou idantifye tandans itilizasyon total pwogram repa gratis yo ak nesesite pou nouvo entèvansyon
13.3 Asire kontinyasyon sipò pou elèv ki depann de lekòl la pou sèvis oksilyè (pa egzanp, konsèy sou sante mantal)	Eta a te mete $7.5 milyon dola disponib nan fon edikasyon Lwa CARES ki ta ka itilize pou sipò sante mantal pou elèv yo.	• Idantifye responsab pedagojik yo pou rankont regilye pou evalye bezwen kontinyèl elèv yo ak fanmi yo • Egzamine pwotokòl ki egziste deja yo pou soutni elèv ki itilize sèvis oksilyè yo (pa egzanp, konsèy sou sante mantal, terapi okipasyonèl, aranjman pou andikap) epi devlope pwotokòl revize pou koresponn yon fason fleksib ak senaryo ki posib pou eskolarizasyon • Fè sondaj sou fanmi pou evalye itilizasyon sèvis yo ak bezwen ki pa satisfè yo • Bay resous ki nesesè yo pou Depatman Timoun, Jèn ak Fanmi yo pou ofri sèvis yo tou pou fanmi ki bezwen sipò sante konpòtmantal





Tabdèmatyè

1 Rekòmandasyon Sou-komite Sante PRAC la

2 Rekòmandasyon Sou-komite Ekite PRAC la

3 Rekòmandasyon Sou-komite Biznis PRAC la

1 Deplwaye yon apwòch ki sible pou efò konfinman yo epi aleje machaswiv yo osi rapidman posib san kreye yon risk pou yon reyaparisyon

	Sou rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
1.1	Lye restriksyon biznis yo ak risk sante (pa egzanp, pwoksimite kontak, longè kontak, kantite kontak, dezenfeksyon ak distans sosyal), ak objektif prensipal pou priyorize sante pandan y ap minimize enpak ki fèt sou biznis		• Pwoksimite kontak: Pwoksimite ki prevwa ant anplwaye yo, lòt anplwaye yo, ak kliyan yo • Longè kontak: Dire Mwayèn enteraksyon ant moun • Kantite kontak: Kantite moun apeprè ki nan anviwònman nan menm moman an • Dezenfeksyon: Kapasite pou dezenfekte ak reglemante—selon rejim sekirite ki egziste deja, pa egzanp, priyorite ki konsantre sou sekirite aktyèlman, enspeksyon leta • Distans sosyal: Mezi kalitatif pou kapasite aplikasyon mezi distans fizik nan endistri a
1.2	Eksplwate rechèch kontak pou konprann ki tip biznis/aktivite k ap mennen pwopagasyon ak pou gide mezi alavni		• Mete anplas yon pwosesis pou fè analiz gwoup rekiran sou rechèch kontak pou egzamine koneksyon ant sektè yo ak pwopagasyon
1.3	Kontinye aktyalize gid pou biznis yo regilyèman epi nan moman ki apwopriye a, selon nouvo dekouvèt syantifik yo		• Kontinye evalye ak aktyalize konsèy pou biznis yo ki baze sou nouvo aprantisaj syantifik ak prèv nan tan reyèl – aktyalize konsèy nan bon moman ofiramezi nouvo enfòmasyon vin disponib

2 Bay biznis DE yo asistans finansye ak asistans konsiltatif

Swit sou pwochen paj la

	Sou rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
2.1	Ogmante prè, alokasyon, sibvansyon, ak lòt mezi finansye ki ka pa ranbouse pou soutni biznis kriz la te fè enpak sou yo, pandan y ap sible biznis ak sektè ki te touche yon fason demezire	Pwogram Prè Dijans Ebèjman pou otèl, restoran ak kosmetoloji (jiska $10k) Garanti prè pou enstitisyon finansye devlopman kominotè yo pa mwayen Pwogram Aksè Kapital DE	• Soutni biznis ki afekte yon fason demezire (pa egzanp, otèl, restoran, sèvis pèsonèl yo) atravè prè, sibvansyon don, ak lòt mezi finansye padonab (ni nouvo ni elaji): pa egzanp, elaji prè HELP, pati nan pake lwa CARES lan ki dirije presizeman sou SME yo, sibvansyon korespondans, prè padonab pou PPE/racha estòk/devlopman modèl teknolojik oswa komèsyal ki nesesè akòz COVID, elatriye.
2.2	Bay sipò konsiltatif pou SME yo pandan y ap fè patenarya ak biznis ki gen ekspètiz ki koresponn yo ak volonte pou bay konsèy	DE Small Business Development Center gen sipò SBA ak Divizyon Ti Biznis	• Bay sipò konsiltatif pou SME yo (ki gen ladan atelye, klinik finansye ak legal) pa mwayen patenarya ak biznis ki gen ekspètiz ki koresponn yo/nan sektè ki koresponn yo, ki vle bay konsèy. • Egzanp pwogram yo gen ladan—atelye sou pasaj nan chanèl dijital/modèl adistans, atelye rezistans finansye, asistans pou konsèy legal ak dokiman, elatriye.

2 Bay biznis DE yo asistans finansye ak asistans konsiltatif

Swit paj anvan an

	Sou rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
2.3	Tanporèman redwi frè reglemantè pou fè biznis epi ofri biznis lokal yo fleksiblite reglemantè	Restoran DE yo ka aplike nan jiridiksyon lokal yo pou elaji kapasite pou chita deyò Restoran ak taproom DE yo ka kontinye vann bwason ki gen alkòl bò twotwa oswa a-anpòte jiska mas 2021	• Diminye pri reglemantè pou fè biznis pa mwayen anilasyon frè administratif, frè dosye, elatriye pou biznis yo epi akselere pwosedi administratif yo, espesyalman biznis nan sektè ki afekte yon fason demezire ak SME yo • Ofri fleksibilite reglemantè pou biznis lokal yo pa mwayen alèjman règ ak règleman yo otank posib pou soutni kapasite elaji ak modèl biznis ajiste (pa egzanp paking pou chita deyò, sèvis a-anpòte pou bwason ki gen alkòl) • Kreye yon mekanis pou Eta a pou idantifye opòtinite pou pi gwo fleksibilite reglemantè (pa egzanp travay ak kominote biznis yo pou konprann ki règ ak règleman ki egziste deja ki kapab abòde)
2.4	Elaji kapasite Eta a pou jere gwo kantite demann	DE te sou wout pou amelyore entèfas sistèm enfòmatik reklamasyon chomaj lè pandemi an te kòmanse	• Konsevwa pwosesis pou minimize kapasite ki nesesè yo okipe pi wo volim demann (pa egzanp etabli nivo padon prè olye pou yo anboche lòt souskriptè anplis) • Devlope kapasite tranzisyon pou okipe pi gwo volim demann (pa egzanp demann pou apwobasyon prè) • Bay priyorite pou akizisyon amelyorasyon teknolojik ki pi nesesè yo (pa egzanp modènizasyon entèfas enfòmatik sistèm reklamasyon chomaj la)

3 Nan senaryo reyaparisyon, bay biznis ak patikilye yo èd finansye

	Sou rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
3.1	Kreye/elaji pwogram sipò finansye koutèm ki ka deplwaye byen vit pou sektè ki te sibi enpak yon fason demezire	Pwogram Prè Dijans Ebèjman pou otèl, restoran ak kosmetoloji (jiska $10k)	• Devlope pwogram sipò finansye koutèm pou biznis ki anba restriksyon sere (pa egzanp, prè padonab nan endistri ki afekte yon fason demezire, elatriye) • Asire ke pwogram èd finansye yo deplwaye rapidman – etabli sistèm entèn alavans epi akselere pwosesis aplikasyon/apwobasyon lè sa posib
3.2	Akselere peman sou mache piblik yo pou ogmante likidite founisè yo		• Ogmante lajan likidite founisè nan Eta a nan akselere peman sou apwovizyònman piblik—avèk garanti ke founisè yo tou ap akselere peman pou soukontraktè yo
3.3	Bay yon èd pou travayè ki deplase akoz COVID la	Asistans pou lwaye ak sèvis piblik nan men DEHAP pou popilasyon ki gen fèb revni Pwogram sibvansyon gadri Delaware a bay gadri pou fanmi ki gen fèb revni. Ko-peman anile pandan kat premye mwa pandemi an.	• Bay asistans finansye ak pwogramatik (pa egzanp lwaye, gadri, sèvis piblik) pou travayè ki deplase yo pou konble eka pou fiti travay, espesyalman pandan y ap antreprann rechèch travay oswa pwogram resiklaj / rekalifikasyon • Retabli anilasyon ko-peman pou pwogram sibvansyon gadri nan senaryo reyaparisyon an

4 Pwofite epi elaji pwogram aktyèl fòmasyon mendèv nan endistri yo epi soutni plasman travay ak resiklaj / rekalifikasyon

	Sou rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
4.1	Elaji pwogram aktyèl fòmasyon Eta yo epi kreye plis posiblite edikatif ak posiblite pou sètifikasyon pou travayè ki deplase yo	3,000 – 5,000 pa ane pa mwayen divès pwogram fòmasyon anba Komisyon Devlopman Mendèv (Workforce Development Board, WDB). Fòmasyon nan divès domèn, soti nan kondwi kamyon pou rive nan swen sante yo ofri nan inivèsite yo ak founisè prive yo	• Itilize pwogram fòmasyon ak sipò ki egziste deja (pa egzanp pwogram TRAIN) pou elaji aksè nan rekalifikasyon, pwogram sètifikasyon, ankadreman, kredi kolèj ak posiblite pou plasman nan travay pou mendèv DE a, pandan y ap konsantre sou sektè endistri ki gen anpil demann ak moun revni fèb ki nan chomaj. Pwofite de ogmantasyon aprantisaj sou entènèt pou kreye oswa pou amelyore posiblite edikasyon/mikwo-akreditasyon pou travayè nan tout Eta a, espesyalman nan domèn kote COVID ap akselere twou vid ki gen nan konpetans yo. Bay sibvansyon kredi pou inivèsite/lekòl pwofesyonèl pou travayè ki deplase yo
4.2	Kominike posiblite ki disponib pou mendèv ki nan chomaj la regilyèman epi nan yon moman ki apwopriye	Moun k ap depoze reklamasyon UE yo gen soutyen konsèy pou karyè, referans pou travay ak atelye CV nan WDB. Te obligatwa oparavan men ochwa pandan Covid la	• Kominike enfòmasyon ki aplikab pou mendèv ki nan chomaj yo nan pwogram sipò ki disponib ak posiblite pou rekalifikasyon/resiklaj (pa egzanp lè enskripsyon pou chomaj, moun nan resevwa enfòmasyon sou pwogram kou/fòmasyon sou entènèt, aplikasyon pou sibvansyon, resous edikatif, elatriye)
4.3	Fè patenarya ak kominote biznis Delaware a sou fòmasyon, aprantisaj ak posiblite anplwa pou devlopman mendèv	Sibvansyon korespondans pou fòmasyon nan Divizyon Ti Biznis (ke fabrikan yo plis itilize aktyèlman) Pwogram Aprantisaj nan Restorasyon nan DOL ak Asosyasyon Restoran Delaware	• Ofri sibvansyon pou biznis yo bay posiblite pou fòmasyon/rekalifikasyon, ak entansyon pou anboche • Soutni ak sibvansyone pwogram aprantisaj endistri yo pou ogmante kapasite aprantisaj epi ankouraje anbochaj • Asire ke pwogram aprantisaj Eta a soutni popilasyon defavorize yo, sa gen ladan minorite rasyal ak etnik yo epi fanm yo • Elaji patenarya fòmasyon, kote yo bay priyorite pou patisipan endistri ki baze nan Delaware ak pwogram sètifikasyon yo

5 Devlope katalizè kle pou soutni mendèv la

Sou rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
5.1 Bay aksè elaji ak katalizè kle yo pou mendèv aktyèl ak mendèv ki nan chomaj	Pwogram sibvansyon gadri Delaware a bay gadri pou fanmi ki gen fèb revni. Ko-peman anile pandan kat premye mwa pandemi an. Dapre Dekrè Egzekitif (Executive Order, EO), sant gadri yo te resevwa ranbousman pou plas vid yo depi mwa avril. EO a pral fini pa disparèt.	• Founi sekou pou lekòl piblik K-12 yo pou ede yo kouvri depans pou mezi pou konbat pwopagasyon COVID-19 (pa egzanp, PPE) • Pandan yon reyaparisyon, bay aksè egalego nan aprantisaj adistans nan ofri sibvansyon pou laptòp ak gran vitès entènèt • Pandan yon reyaparisyon, abòde ensekirite alimantè pou elèv ki jeneralman repoze sou lekòl pou jwenn repa • Pandan yon reyaparisyon, bay sipò oksilyè kontini pou elèv ki anjeneral konte sou lekòl la pou sèvis tankou konsèy sou sante mantal oswa aranjman pou andikap
5.2 Bay mendèv la aksè nan ase ekipman pwoteksyon pèsonèl ak mezi sekirite epi soutni mendèv COVID-19 la te fè enpak sou yo	Mizajou lis founisè PPE nan Delaware nan kad bwat zouti Biznis pou Biznis	• Mande pou biznis yo bay aksè nan mezi pwoteksyon/sekirite ki sifizan pou mendèv— ki gen ladan PPE, dezenfektan, distans sosyal ki apwopriye, kontwòl sante • Kominike anplwaye Delaware yo sou mekanis Eta ak federal yo pou deklare ratman mezi pwoteksyon/sekirite apwopriye (pa egzanp, liy asistans OSHA pou deklare patwon ki pa konfòme yo) • Soutni mendèv COVID-19 afekte yo (pa egzanp, konje familyal annakò ak Family First Coronavirus Response Act, transparans nan pwosesis ki etabli pou anplwaye ki teste pozitif, elatriye)

6 Kreye epi eksplwate posiblite pou antreprenarya atravè nouvo pwogram ak pwogram aktyèl yo

Sou rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
6.1 Soutni pwogram ankadreman komen pou sektè piblik-prive yo ede antreprenè ak pwopriyetè ti biznis yo simonte defi pou yo ka bouje epi devlope biznis yo	Delaware SCORE, yon patenarya avèk SBA ki pa pou fè pwofi pou ede antreprenè yo Pwogram Antreprenarya University of Delaware Horn	• Kreye patenarya ak biznis Delaware yo ak chanm/asosyasyon yo pou bay posiblite pou ankadreman (pa egzanp, atelye, fè korespondans ak ankadrè endistri a, resous edikatif, seminè, elatriye) pou ede antreprenè ak pwopriyetè ti biznis yo devlope/fè pivote biznis yo
6.2 Elaji prè/ sibvansyon pou antreprenarya ak akseleratè yo	Sibvansyon Edge (sibvansyon korespondans) jèn bizinis ki pote inovasyon yo (jiska $50,000); 20 – 30 benefisyè ane pase Pwogram kredi fiskal pou envestisè pwovidansyèl Pwogram kredi fiskal Delaware R&D	• Lòt sibvansyon antreprenarya anplis pou soutni lide biznis oswa biznis ki egziste deja ki pral ede diminye enpak Covid 19 oswa ede lòt biznis yo reprann yo nan enpak mezi konfinman yo • Asire ke PME yo okouran epi resevwa kominikasyon konsènan pwogram kredi fiskal ki disponib ki egziste deja (pa egzanp, kredi taks R&D)

7 Ankouraje kwasans biznis Delaware yo pandan y ap envesti nan pwojè Eta yo epi pandan y ap plede pou biznis ki nan Eta a

Swit sou pwochen paj la

Sou rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
7.1 Envesti nan elajisman domèn kwasans DE yo pandan y ap anplwaye mendèv/angaje biznis DE yo	Fon èstratejik Delaware pou fè konkirans pou nouvo biznis ak biznis ki egziste deja ki ta ka (re)lokalize nan DE	• Pwofite de domèn kwasans ki nesesè/ki gen anpil demann nan DE pa mwayen envestisman nan ekspansyon estratejik, pandan y ap anplwaye mendèv DE an epi kolabore avèk biznis ak founisè DE yo. Endistri/domèn potansyèl yo gen ladan: ekspansyon gran vitès (pa egzanp, fib optik ak ekspansyon rezo san fil), devlopman 5G, swen sante (pa egzanp, sante mantal), enfrastrikti, travay piblik, elatriye.
7.2 Relye travayè ki deplase tanporèman yo ak travay koutèm gouvènman an		• Bay èd tanporè pou travayè ki deplase yo nan fè korespondans pou yo avèk djòb koutèm leta ki nesesè (pa egzanp travay nan resansman, rechèch kontak, ekip enspeksyon sante piblik, elatriye)

7 Ankouraje kwasans biznis Delaware yo pandan y ap envesti nan pwojè Eta yo epi pandan y ap plede pou biznis ki nan Eta a

Swit paj anvan an

Sou rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
7.3 Dirije yon pi gran kantite mache piblik nan ti antrepriz ak antrepriz mwayen Delaware yo		• Kote sa kapab fèt sou plan estratejik ak finansye, dirije pi gwo apwovizyònman Eta nan biznis Delaware, espesyalman PME yo
7.4 Sansibilizasyon/ankourajman pou anplwayè ki te sibi gwo enpak yo pou relokalize chèn apwovizyònman nan Delaware	Fon Envestisman Enfrastrikti Transpò bay asistans ekonomik pou biznis ak obligasyon enfrastrikti transpò Inisyativ "Ready in 6" ap fèt pou diminye delè apwobasyon biznis yo soti nan jiska 24 mwa a 6 mwa Pwosesis apwobasyon Lèt Non-kontansyon DelDOT (Letter Of No Contention, LONC) akòde pwojè komèsyal avèk apwobasyon antre ki egziste deja nan espas 3 semèn Ti plan aantre komèsyal DelDOT la ofri pwosesis egzamen ak apwobasyon akselere	• Sansibilizasyon/ankourajman pou anplwayè gwo enpak yo ki gen deranjman chèn apwovizyònman akoz COVID pou deplase chèn apwovizyònman yo vin nan DE nan endistri fòs debaz pou Eta a. Pandan antrepriz yo ap rekonsidere konfigirasyon chèn apwovizyònman yo, pozisyone Delaware pou kapte okazyon kwasans domestik

8 Soutni bisnis yo pou envesti nan kapasite ak enfrastrikti pou kapitalize nan lakin bezwen kriz COVID-19 la te ekspoze yo

Sou rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
8.1 Ankouraje biznis yo pou adapte yo ak nouvo anviwònman travay/anviwònman ibrid ak anviwònman sèvis pandan y ap soutni nouvo kapasite ak devlopman enfrastrikti		• Ankouraje biznis yo pwofite de bezwen ke COVID-19 ekspoze yo epi pwofite de okazyon pou adapte ak modènize biznis yo grasa nouvo kapasite ak devlopman enfrastrikti (pa egzanp, peman san kontak, aktivasyon nimewrik, sèvis mobil/wèb, POS modènize, elatriye) • Bay sipò finansye ak sipò konsiltatif pou biznis yo modènize/adapte kote sa posib

9 Kreye mezi responsabilite pou biznis yo ak piblik la

Swit sou pwochen paj la

	Sou rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
9.1	Oblije tout biznis yo sètifye tèt yo yomenm	Biznis yo kapab sètifye pwòp tèt yo sou sit entènèt Divizyon Ti Biznis yo epi yo pral resevwa yon adezif pou vit pa lapòs; kèk biznis pratikman te sètifye pwòp tèt yo jiskaprezan	• Biznis yo dwe ranpli epi pran angajman pou konfòme yo avèk egzijans sou lis kontwòl byen presi Eta a bay pou endistri a. Biznis yo dwe soumèt lis kontwòl ki ranpli a bay Eta a epi afiche lis kontwòl ki ranpli a ak angajman pou lis kontwòl la sou devanti/sitwèb biznis lan. Pou restoran yo, yo dwe mete kopi pwotokòl yo sou papye ki disponib sou plas; pou sèvis swen pèsonèl, yo dwe afiche yon siyalizasyon nan antre a ki enfòme piblik la sou plan diminisyon risk la
9.2	Ofri asistans finansye pou elaji kapasite enspeksyon sante piblik nan tout sektè yo		• Ofri ranbousman/sibvansyon pou lokalite yo pou elaji kapasite enspeksyon sante piblik (pa egzanp, ekspansyon ekip enspeksyon pou fè swivi sou pi gwo pati nan plent yo, done ak analiz medya sosyal yo pou idantifye zòn komen yo, elatriye)
9.3	Ofri fòmasyon ak materyèl edikatif nan tout Eta a pou enspektè sante piblik ak biznis yo		• Ofri fòmasyon santralize ak materyèl edikatif pou enspektè sante yo nan nivo Eta a, sa ki pèmèt senplifye entegrasyon ak pataj pi bon pratik yo • Ofri posiblite fòmasyon anplis ak materyèl edikatif pou biznis Delaware yo pa mwayen asosyasyon ak chanm—pwogram fòmasyon asosyasyon/chanm yo dirije epi ke Eta a ranbouse

9 Kreye mezi responsabilite pou biznis yo ak piblik la

Swit paj anvan an

	Sou rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
9.4	Panse pou pran mezi aplikasyon pou biznis ak kliyan ki pa respekte machaswiv yo	Vyolasyon se yon deli, amann jiska $500 epi jiska 6 mwa prizon 6 biznis sèlman te resevwa lèt sesasyon ak abstansyon jiskaprezan	• Konsidere divès mezi aplikasyon pou kliyan ak biznis ki pa konfòme yo. Si yo itilize amann, voye fon ki soti nan amann yo pou aplike nan enspeksyon sante piblik • Enpoze plis sanksyon si sa nesesè pou aji kòm mezi pou prevansyon ak responsabilite (pa egzanp sèten kantite enfraksyon repete lakoz sispansyon lisans biznis pou 30 jou, non-konfòmite lakoz diskalifikasyon nan sèten pwogram sipò ki anrapò ak COVID la, elatriye) • Pibliye non biznis ki echwe nan enspeksyon yo • Nivo vyolasyon baze sou gravite vyolasyon an – nivo diferan mennen nan konsekans diferan (pa egzanp, vyolasyon grav lakoz amann imedya, vyolasyon pi piti lakòz avètisman pou premye fwa a ak amann pou vyolasyon repete)
9.5	Fè pwogram tès santinèl ki obligatwa pou anviwònman rasanbleman yo		• Etabli yon pwogram tès santinèl nan izin volay yo, etablisman swen lontèm yo, sant detansyon jivenil yo, prizon yo ak lòt anviwònman rasanbleman pou idantifye eksplozyon bonè

10 Etabli konsistans pandan y ap ranfòse epi aleje restriksyon yo

Sou rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
10.1 Asire ke restriksyon yo aplike regilyèman nan tout sektè yo, selon risk sante aktivite yo		• Aplike restriksyon biznis yon fason koyeran nan tout kalite biznis, ki gen responsablite egzekisyon sou biznis yo (pa egzanp, si ti magazen detayan rad dwe fèmen, gwo antrepriz magazen yo responsab fèmen seksyon rad nan magazen an epi anpeche lavant rad) • Konsantre sou sere ak relache restriksyon sou baz aktivite yo, olye ke se sou baz sektè (pa egzanp, restriksyon pou etablisman ki pa kapab aplike distans sosyal, aktivite ki anpeche mete mask, elatriye)

11 Pran devan pou kominike avèk biznis ak piblik DE an

Swit sou pwochen paj la

Sou rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
11.1 Defini estrateji kominikasyon kontini	Sitwèb Myhealthycommunity Sitwèb Repons Delaware pou Kowonaviris Mizajou Gouvènè a chak semèn	Defini estrateji kominikasyon ki: • Atenn tout PME yo ak biznis yo nan Delaware nan bon moman, avèk atansyon sou bezwen espesyal kominote byen presi (pa egzanp, kominikasyon nan lang diferan) • Kominike paramèt desizyon kle yo bay biznis yo ak konsomatè yo/piblik la • Klèman kominike machaswiv ak limit konsènan restriksyon ni pou biznis yo ni pou konsomatè yo (pa egzanp, Ki aktivite machaswiv yo limite/afekte? Ak kimoun machaswiv yo aplike? Ki delè ki prevwa?) • Travay ak biznis yo pou asire yo konprann pwosesis desizyon an ak rezònman ki dèyè direktiv/restriksyon yo nan tout senaryo yo (pa egzanp, nouvo vi nòmal, epidemi, reyaparisyon, elatriye), nan bi pou ede biznis yo prepare pou pwochen machaswiv/restriksyon yo ak pou asire aplikasyon koyeran machaswiv aktyèl yo • Asire yo transmèt regilyèman bay biznis yo ak piblik la modifikasyon ki te fèt nan machaswiv yo • Aktyalize Sistèm Notifikasyon Dijans pou itilize sistematikman mesaj tèks pou kominike mezi dijans yo • Itilize yon apwòch ki gen plizyè kanal pou ranfòse mesaj la (pa egzanp, medya sosyal, anons nimerik, medya enprime ak radyo elatriye)

11 Pran devan pou kominike avèk biznis ak piblik DE an

Swit paj anvan an

Sou rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
11.2 Konsevwa epi mete kanpay relasyon piblik olistik la an plas pou ranfòse oto-aplikasyon machaswiv yo		• Kominike evitman reyaparisyon an kòm eleman fyète nan Delaware pa mwayen yon kanpay nan plizyè kanal (sa gen ladan medya sosyal yo) ki pwofite de gwo zotobre Delaware yo ki gen gwo pòte (pa egzanp, selebrite lokal yo, enfliyansè yo, elatriye) • Mete aksan sou biznis/moun k ap "fè bagay yo kòrèkteman" pou sèvi kòm egzanp modèl • Konsantre sou ensite responsabilite kay jèn moun yo pi presizeman
11.3 Pwofite de asosiyasyon yo, chanm yo, ak lejislatè yo antanke prensipal kanal pou kominikasyon ak pledwari		• Pwofite de òganizasyon sektè prive yo kòm kanal kominikasyon pou atenn yon pakèt domèn biznis nan DE rapidman (pa egzanp, chanm Eta yo, chanm lokal yo, asosyasyon pwofesyonèl yo, elatriye). Etabli pwen kontak nan nivo Eta a ak nan nivo prive epi fikse yon pwosesis ki defini, estandadize pou transmèt kominikasyon ki soti nan Eta a bay biznis endividyèl yo • Resevwa kòmantè nan men asosiyasyon ak chanm yo sou bezwen, enkyetid, ak kesyon manm yo atravè yon seri seyans diskisyon ouvè nan endistri a • Fè asosyasyon ak chanm yo patisipe nan preparasyon mesaj konsènan chanjman k ap vini nan restriksyon yo, ak nan kominikasyon nyans chanjman nan restriksyon yo

12 Nan senaryo reyaparisyon, etabli mezi kominikasyon ki klè epi ki ka deplwaye byen vit pou senaryo reyaparisyon

Sou rekòmandasyon	Efò ki egziste deja yo	Detay sou rekòmandasyon yo
12.1 Defini estrateji ak kanal kominikasyon ki espesifik pou reyaparisyon		• Konplete estrateji kominikasyon ki egziste deja avèk kominikasyon ki sible, koyeran ak nan bon moman atravè yon apwòch ki gen plizyè kanal (pa egzanp, voye tèks dapre kòd postal pou eksplozyon ki lokalize, kominikasyon rapid bay endistri byen presi sou restriksyon ki prevwa/òf sipò dijans, elatriye)

Mèsi!